ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№119 (24.869) ● 2025 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 2, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ

## КІэлъыплъыпхъэщ нэхъ ткІийуэ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Наркотикхэм япэщІэтынымкІэ республикэ комиссэм и зэІущІэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Васильченкэ Дмитрий, республикэм и щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр, хабзэхъумэ, къарузехьэ ІэнатІэхэм я лІыкІуэхэр, министрхэр.**

ЗЭІУЩІЭМ къыщаІэтащ къэрал властым, самоуправленэм, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм наркотикхэр хабзэм къемызэгъыу зегъэкІуэным, ахэр къемыгъэгъэсэбэпыным зэрыпэщІэт щІыкІэхэм ехьэлІа Іуэхухэр. Абыхэм я лъэныкъуэкІэ щІыналъэм щыщыІэ щытыкІэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ хуащІащ КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкlэ министру щыІэ Крючков Вячеслав, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр КъалэбатІэ Рустам, КъБР-м щІалэгъуалэ Іуэхухэмкlэ и министр Лу Азэмэт, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м Наркотикхэм пэщІэтынымкІэ и комиссэм и унафэщІ Шевченкэ Юрий, Бахъсэн щІыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Артур, Прохладнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ Ломов Максим сымэ. Абыхэм къыхагъэщащ наркотикхэр хабзэм къемызэгъыу зегъэкІуэным пэщІэтынымкІэ лэжьыгъэхэр щІыналъэм нэхъри щыщІэгъэхуэбжьапхъэу, Шынагъуэншагъэмкlэ советым иубзыхуа, УФ-м и Президентым щІигъэбыдэжа планхэм тету.

Хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я лІыкІуэхэм хэІущІыІу ящІащ наркотик къызэрагъэсэбэпам щхьэкІэ суд зытращІыхьахэм абы къахуигъэува къалэнхэр гъэзэщІэным зэрызэпыІуадзым, профилактикэ Іуэхухэм, я узыншагъэр зэтегъэувэжыным гулъытэшхуэ зэрыхуамыщІым ехьэлІа хъыбархэр.

Республикэм къихъуэ щІэблэр наркотикхэм щыхъумэнымкІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм. АтІэми, наркотикхэм япэщІэтыным зи лэжьыгъэр хуэгъэпса щІалэгъуалэ зэщІэхъееныгъэм адэкІи нэхъ жыджэру зегъэужьын хуейщ. Апхуэдэуи лэжьыгъэм хэшапхъэщ а унэтІыныгъэмкІэ ІэщІагъэлІхэр. А Іуэхугъуэм гулъытэ хэха хуащІынущ, Интернетым и Іэмалхэр къагъэсэпу зэрыщытымрэ синтетикэ наркотикхэм я бжыгъэм нэхъри зэрыхэхъуэмрэ къэлъытауэ. А наркотик лІэужьыгъуэхэм зэранышхуэ къамыхьу жаІэурэ зыщэхэм къыхуагъэлъагъуэ япэу зэзыхьэлІэну мурад зыщІахэм. АтІэми ахэр узыншагъэмкІэ хуабжьу зэранщи, зэрыхъукІэ нэхъ ткІийуэ ахэр зегъэкІуэнми кІэлъыплъыпхъэщ. Лэжьыгъэм апхуэдэу къешэлІэн хуейщ адэ-анэхэр, щІыналъэ, щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр. Яхуэзэн, епсэлъылІэн хуейщ ныбжьыщІэхэм, щІалэгъуалэм. А Іуэхугъуэхэр Бахъсэн, Прохладнэ щІыналъэхэм зэрыщрагъэкІуэкІым я гугъу ящІащ а щІыпІэхэм я пашэхэм.

Зытепсэлъыхьа Іуэхугъуэ псоми яхуэгъэза унафэхэмрэ чэнджэщхэмрэ къыщащтащ зэІущІэм.

## Урысейм щыщ хъужахэщ

**Донецк Лъэпкъ Республикэр, Луганск Лъэпкъ Республикэр, Запорожье, Херсон областхэр Урысей Федерацэм щыщ щыхъужа махуэшхуэмкІэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ехъуэхъуащ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм игу къигъэкІыжащ 2022 гъэм фокІадэм и 30-м а щІыналъэхэм щыпсэухэм тхыдэкІэ хэкІыпІэм я нэхъыфІыр езыхэм къызэрыхахар – я Хэкуу щыт Урысейм щыщ зэрыхъужар. А Іуэхугъуэр тхыдэм и захуагъэм и щыхьэту къэуващ, Донбассымрэ Новороссиемрэ я урыс щэнхабзэмкІи, зэрыпсалъэ бзэмкІи, къызэранэкІа лІэщІыгъуэхэмкІи УФ-м зэрепхар къигъэщІэрэщІэжу.

КІуэкІуэ Казбек тепсэлъыхьащ Донбассым щыпсэухэр я бзэкІэ хуиту псэлъэным, я щэнхабзэр зэрахьэным, хуиту псэуным щІэбэну, я унагъуэхэр яхъумэжын папщІэ, гъуэгуанэ гугъу къызэрызэпачам. Ди къэралым и лъэныкъуэ псомкІи къикІауэ, хахуэу дзэ Іуэху хэхам хэт урысей зауэлІхэм я фІыгъэкІэ къехъулІащ абыхэм Урысейм щыщ хъужын хъуэпсапІэр.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ лъэпкъыбэу зэхэт Урысейм щыщ зэрыхъужам и фІыгъэкІэ, абыхэм я зыужьыныгъэри ефІэкІуэныгъэри дяпэкІэ нэхъ тыншу зэрекІуэкІынум шэч къызэрытримыхьэр, абы и щыхьэтхэр ноби зэрытлъагъур.

КъБР-м и Іэтащхьэр Донбассымрэ Новороссиемрэ щыпсэухэм ехъуэхъуащ фІыгъуэрэ гуфІэгъуэрэ къайхъулІэну, я щІэблэр зыхуейм лъэІэсу, ди къэралым щефІакІуэу псэуну.

## БлэкІа лІэщІыгъуэхэм къыщожьэ

**ТекІуэныгъэрэ ЩхьэхуитыныгъэрЭ къызэрихьыжрэ илъэс 32-рэ зэрырикъуамкІэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Абхъаз Республикэм ехъуэхъуащ.**

«Нобэ Абхъазым махуэшхуэ егъэлъапІэ – ТекІуэныгъэрэ Хуитыныгъэрэ къихьыжу, республикэм и щхьэ и унафэ щищІыж напэкІуэцІыщІэ къызэрызэІуихрэ илъэс 32-рэ зэрырикъуар», - щыжеІэ КІуэкІуэ Казбек и хъуэхъу псалъэм. КъБР-м и Іэтащхьэм Абхъазым и президент Гунбэ Бадрэрэ республикэм и цІыхубэмрэ псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ. И хъуэхъу псалъэхэм КІуэкІуэ Казбек щытепсэлъыхьащ абхъаз лъэпкъым зэрихьа лІыгъэм и инагъым, тхыдэм и къэгъэшыпІэ гугъур, къикІуэт ямыщІэу, хахуэу къызэрызэранэкІами и гугъу ищІащ. Гулъытэ щхьэхуэ КІуэкІуэ Казбек иритащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъазымрэ я зэхуакум дэлъ зэкъуэшыныгъэм, зэман блэкІам лъэпкъитІым я зэныбжьэгъугъэр нэхъ быдэж зэрищІам, зыр адрейм зэрыхуэпэжыр наІуэ къызэрыхъуам.

Абхъазыр нобэ зыужьыныгъэм и гъуэгуанэм тетщ, и бзэм, и щэнхабзэм, лІэщІыгъуэ блэкІахэм къыкІуэцІриха и лъэпкъым и дуней тетыкІэм и уасэр къыгурыІуэжрэ ахэр ихъумэжыным хущІэкъуу.

КІуэкІуэ Казбек Абхъазым щыпсэу цІыхубэм ехъуэхъуащ узыншагъэ, насып, ефІэкІуэныгъэ яІэу, адэкІи я гъуэгум къыпащэну.

## ЩІэблэм я щапхъэщ нэхъыжьхэр

### КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек НэхъыжьыфІхэм я махуэмкІэ йохъуэхъу

Си хэкуэгъу лъапІэхэ!

Нобэ Урысейм щагъэлъапІэ Зи ныбжь хэкІуэтахэм я махуэр!

Къэбэрдей-Балъкъэрым экономикэми, егъэджэныгъэми, щэнхабзэми, спортми, адрей лъэныкъуэхэми щиІэ ехъулІэныгъэхэр зи фІыгъэ псоми гурэ псэкІэ сынывохъуэхъу: адэ-анэхэм, анэшхуэхэм, адэшхуэхэм, лэжьыгъэмрэ дзэмрэ я ветеранхэм, Хэкум и хъумакІуэхэм!

Ди нэхъыжьхэм я гъащІэр сыт щыгъуи къыкІэлъыкІуэ щІэблэм – лъабжьэ, Хэкум – зэрызиузэщІыну Іэмал яхуохъу. Дэ дрогушхуэ фэ щапхъэу фызэрыдиІэм, фэращ Хэкур фІыуэ лъагъун, абы псэемыблэжу хуэлэжьэн зэрыхуеймкІэ дызыдэплъейр.

Щэн дахэ зыхэлъ цІыху гъэсам дежкІэ нэхъыжьхэм пхуэзэфІэкІ яхуэпщІэныр къалэн лъапІэ къудейкъым, атІэ ІэмалыфІщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ди дежкІи жьантІэдэсхэр дгъэфІэныр, абыхэм дадэплъеиныр, я псалъэ Іущхэмрэ гъащІэм щагъэунэхуахэмрэ дыщІэдэІукІыныр сыт щыгъуи лъапІэщ.

Ди нэхъыжьыфІхэращ щІалэгъуалэм къахуэщхьэпэну хабзэхэр зыхъумэжри, анэдэлъхубзэм къыдэкІуэу, цІыхум нэхъыщхьэу хэлъыпхъэ хьэлхэр яхэзылъхьэри: ныбжьэгъугъэм хуэзыущийр, цІыхухэм пщІэ яхуэщІын, унагъуэр гъэлъэпІэн, гумащІэу, хахуэу щытын зэрыхуейм къыхуезыджэр, щІыхьыр, пщІэр, пэжыныгъэр зищІысыр къагурызыгъаІуэр.

Дэтхэнэ зыми гурэ псэкІэ сохъуэхъу узыншагъэ быдэрэ гукъыдэжрэ яІэу, Іыхьлымрэ благъэмрэ къыхуащІ пщІэм хэтхъыкІыу, унагъуэм и ІэфІыр зыхащІэу илъэс куэдкІэ тхуэпсэуну!

## ІэнатІэ нэхъ гугъум Іутхэм зыщІагъакъуэ

**Мэзкуу щекІуэкІа УФ-м и Къэрал Советым и комиссэм и зэІущІэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ. Ар теухуат дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрадэІэпыкъуну щІыкІэм.**

УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ Кириенкэ Сергей, Президентым и дэІэпыкъуэгъу, Къэрал Советым и унафэщІ Дюмин Алексей, УФ-м КъэралЫр хъумэнымкІэ и министерствэм и статс-секретарь, «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондым и унафэщІ Цивилевэ Аннэ, Къэрал советым дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэм защІэгъэкъуэнымкІэ и комиссэм и унафэщІ Бабушкин Игорь сымэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ.

«Нобэ дыщІызэхуэса Іуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ иІэщ, ар икІи ди Президент Путин Владимир и нэІэ щІэтщ, - жиІащ Дюмин Алексей, комиссэм и зэхуэсыр къыщызэІуихым. – Мы хьэщІэщым щІэс псори дызытепсэлъыхьыну Іуэхугъуэхэм епхауэ мэлажьэ. Зи гугъу тщІынур дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызащІэдгъэкъуапхъэ щІыкІэхэрщ».

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ икІэщІыпІэкІэ зэфІэхыпхъэ къалэнхэм, къэралым дзэм хэтхэм защІигъэкъуэн папщІэ, къыхилъхьэ жэрдэмхэм, ветеранхэр медицинэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ къызэрызэгъэпэщыпхъэм, абыхэм психолог-психотерапевтхэм зыхуагъэзэнуми, зыгъэпсэхупІэхэм кІуэнуми, я узыншагъэм кІэлъагъэплъынуми, щІэныгъэ зрагъэгъуэтынуми, лэжьапІэщІэ увынуми, я псэупІэр яхъуэжынуми, ядэІэпыкъун зэрыхуейм.

Гулъытэшхуэ хуащІащ щІалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэтэджын, абыхэм лІыгъэ зезыхьахэр, дзэ Іуэху хэхам хэкІуэдахэр щапхъэу яхуэгъэувын зэрыхуейми. КъинэмыщІауэ, дзэ Іуэху хэхам хэтахэм гъащІэм хэзэгъэжынымкІэ зэрадэІэпыкъупхъэми и гугъу ящІащ. ЗэІущІэм Іуэхугъуэ 40-м щытепсэлъыхьащ. Ахэр дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я гъащІэр езыгъэфІэкІуэну унафэхэр къыщащтэкІэ, тегъэщІапІэ ящІынущ.

## Куэдым хэплъащ

**Республикэм и щІыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр къызрагъэблэгъа зэІущІэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ. Зэхуэсым и лэжьыгъэм апхуэдэу хэтащ КъБР-м и Правительствэр. Абы къыщаІэтащ республикэм лъэпкъ проектхэмрэ къэрал, щІыналъэ программэхэмрэ зэрыщагъэзащІэм, ди щІыпІэр бжьыхьэ-щІымахуэ гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым, нэгъуэщІхэми ятеухуа Іуэхухэр.**

РЕСПУБЛИКЭМ и районхэмрэ къалэхэмрэ лъэпкъ проектхэр, къэрал программэхэр блэкІа мазибгъум къриубыдэу зэрыщагъэзэщІам теухуа псалъэмакъ щхьэпэ щекІуэкІащ зэхуэсым. Дызэрыт илъэсым ди республикэм щагъэзащІэ лъэпкъ проекту 12-м, федеральнэ программэу 38-м къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр. Гулъытэ хэха зыхуамыщІ унэтІыныгъэ щымыІэми ялейуэ, ахэр хуэгъэпсащ егъэджэныгъэ, гъуэгу-транспорт, псэупІэ-коммунальнэ, узыншагъэр хъумэн, щэнхабзэ, спорт, нэгъуэщІ ІэнатІэхэм адэкІи зегъэужьыным.

ЩІыналъэхэм псэуныгъэр щегъэфІэкІуэным яхуэгъэзауэ мэлажьэ «ГъащІэм хуэгъэпса ІэнатІэхэр», «Унагъуэ», «ЩІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ», «ГъащІэ кІыхь икІи жыджэр» лъэпкъ проектхэр. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэм япкъ иткІэ екІуэкІ лэжьыгъэхэр ягъэува планхэм, пІалъэхэм изагъэу зэфІэха мэхъу. Гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэ лэжьыгъэхэмкІэ къалэнхэр яубзыхури, ахэр зэфІэзыгъэкІыпхъэхэм пщэрылъ хуащІащ.

Нэхъ зэпкърыхауэ зытепсэлъыхьа Іуэхугъуэхэм ящыщщ бжьыхьэ-щІымахуэ гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм республикэр зэрыхуэхьэзырыр. Фэтэр куэду зэхэт унэхэу мини 3-м щІигъу, абыхэм хуабагъэ къезыт ІуэхущІапІэу 372-рэ, псы щІыІэрэ хуабэрэ зэрыкІуэ бжьамийхэр – а псори къызэщІеубыдэ а Іуэхугъуэм. ЗэрытраухуамтетУ, лэжьыгъэхэм я нэхъыбапІэр зэфІагъэкІащ, къызэрымыкІуэ щытыкІэ къэхъумэ, абы кърикІуахэр тэмэм зыщІыну, жэщми махуэми лэжьэну гупхэм хэтхэр яубзыхуащ, ІэнатІэр мылъкукІи, техникэкІи, ЖКХ-м къыщагъэсэбэп ухуэныгъэ пкъыгъуэхэмкІи къызэгъэпэщащ. Республикэм и псэупІэ фондыр, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным епха ІуэхущІапІэхэр хуэхьэзырщ бжьыхьэ-щІымахуэ гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм.

ЗэІущІэм и кІэухыу КъБР-м и Іэтащхьэм щІыпІэ администрацэхэм я унафэщІхэм къалэн ящищІащ «Хэкум и хъумакІуэхэм я кубок» щІыналъэ зэхуаку физкультурэ зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщыныгъэм жыджэру хэтыну. Ар Налшык щекІуэкІынущ жэпуэгъуэм и 3 - 6 махуэхэм. Республикэм и пашэм зэрыжиІамкІэ, ди къалащхьэм къытхуеблэгъэнущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыщу дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэу цІыхуи 100-м щІигъу. А хьэщІэ лъапІэхэр, зэрыхабзэу, ди щІыпІэм зэпэщу къыщедгъэблэгъэн, зэрыщыІэну махуэхэр купщІафІэу къахуэздгъэпэщын, екІуу едгъэжьэжын зэрыхуейм гулъытэ хэха хуэщІыпхъэуи къилъытащ.

## Астемыр и ехъулІэныгъэшхуэ

**Китайм и Циндао къалэм мы махуэхэм щекІуэкІа «Гран-при» IJF дунейпсо зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен Абазэ Астемыр Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту дыщэ медаль къихьащ.**

УФ-м щІыхь зиІэ и тренер Джэданэ Залым и гъэсэн, Мароккэм и къалащхьэ Касабланкэ мы гъэм щызэхэта «Африкэм и Кубокым» етІуанэ щыхъуа адыгэ щІалэм зэІущІиплІ къыщипэщылъат Китайми, псоми щытекІуащ.

Килограмм 90 зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ Астемыр япэщІыкІэ къыпэщІэтащ Бахрейным и ныпым щІэту зыкъэзыгъэлъагъуэ Сагаипов Исрапил икІи «юко»-кІэ зэІущІэр абы къыфІихьащ. АдэкІэ, финалым и Іыхьэ плІанэм, Абазэм хигъэщІащ Китайм и бэнакІуэ Ван Бу. Адыгэ щІалэм абы тригъэкІуэдар секунд 19-щ.

Зэхьэзэхуэм и Іыхьэ ныкъуэм Абазэр ІущІащ Польшэм и бэнакІуэ Джималь Павел, ауэ зы дакъикъэрэ ныкъуэрэ нэхъыбэ утыкум ари иригъэтакъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакІуэр финалым щыхуэзащ румын дзюдоист Висан Влад. Мыбдежми Астемыр нэхъ лъэщу къыщІэкІащ: япэщІыкІэ «юко»-р къилэжьащ, зэІущІэм зэрыщІидзэрэ иджыри зы дакъикъэ дэмыкІауэ. Абы къыкІэлъыкІуэу «иппон» Іэмалыр игъэзащІэри, хьэрхуэрэгъур хигъэщІащ.

«Япэу сызыхэта мы «Гран-при»-р, си гугъэмкІэ, схуэугъурлащ. Япэ зэІущІэм хухэха зэманыр икІэм нэсащ, текІуар зэхэмыкІыу, абы къыдыщІагъужа дакъикъэхэращ баллыр къыщысхуэхьар, сыту жыпІэмэ, Исрапилрэ сэрэ дызэроцІыху, щхьэж и бэнэкІэми фІыуэ тІури дыщыгъуазэщ. Абы иужькІэ зыкъызэкъуэсхын щІэздзащ.

Тренерхэм къалэн гурыІуэгъуэхэр къысхуагъэувырт, ахэр зэрызгъэзэщІэным сэри сыхущІэкъуащ финалым сынэсыху. Абы къыщыспэщІэхуа румын бэнакІуэр сцІыхуртэкъым, ауэ си тренерхэм я чэнджэщхэр сэбэп къыщысхуэхъуащ мыбдежми.

Дауи, дунейпсо утыкушхуэхэм къихьэн щІэздзауэ аращи, нобэрей текІуэныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ си дежкІэ. Си тренерым зэрыжиІэщи: зэхьэзэхуэ цІыкІу щыІэкъым. Сэри апхуэдэущ абы сызэреплъыр. Циндао къалэм щысхузэфІэкІащ дзюдо «иным» лъэбакъуэфІ хэсчэн», - яжриІащ журналистхэм Абазэ Астемыр зэІущІэ нэужьым.

Иджы екІуэкІа зэхьэзэхуэр нэхъ лъэщхэм хохьэ и мыхьэнэкІэ, дунейпсо рейтинг баллхэри щагъэджэгу. Зэпеуэм хэтащ къэрал 40-м я дзюдоист лъэщхэр.

Адыгэ щІалэ Абазэ Астемыр мыпхуэдэ зэхьэзэхуэр и япэу аращ икІи дыщэ медалкІэ ар къыщІидзащи, дехъуэхъунщ и зэфІэкІым адэкІи хигъэхъуэну, республикэм и щІыхьыр лъагэу иІэту, текІуэныгъэ дахэхэмкІэ куэдрэ дигъэгуфІэну, япэ увыпІэм и лъабжьэ къэмыкІуэну.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

## ІуэхущІапІэр зэхуащІыж

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм унафэ къищтащ «Декоративные культуры» ІуэхущІапІэр зэхуэщІыжыным теухуауэ.**

КъБР-м щІымрэ мылъку зэхущытыкІэхэмкІэ и министр ТІэхъу Аслъэн зэрыжиІамкІэ, къэрал унитарнэ мэкъумэш ІуэхущІапІэр зэхуащІыж къэрал, унитар муниципальнэ ІуэхущІапІэхэм ехьэлІауэ федеральнэ законодательствэм къыщыгъэлъэгъуахэм япкъ иткІэ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар «Декоративные культуры» ІуэхущІапІэм и лэжьыгъэ нэхъыщхьэмкІэ иужьрей илъэсхэм хэхъуэ зэримыІарщ, финанс-хозяйствэ хуэІухуэщІэхэмкІи хэщІ фІэкІа къигъэлъэгъуакъым.

ІуэхущІапІэр зэхуэщІыжыным ехьэлІа Іуэхугъуэхэр зэрызэфІэкІыу абы и мылъкур республикэм и къэрал мылъкум хагъэхьэнущ, иужькІэ, «Горзеленхоз» ІуэхущІапІэм гуагъэхьэжынущ, абы щылэжьа цІыху 80-м щІигъури лэжьыгъэ ІэнатІэхэмкІэ къыщызэрагъэпэщынущ. АдэкІи, «Горзеленхозым» хэту, жыгхэр, мэз кусэ цІыкІухэр, удз гъэгъахэр къэгъэкІыным пащэжынущ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**

## ИнтернеткІэ Іэ тевдзэ

КІуэ пэтми ІэмалыщІэхэр ди гъащІэм нэхъ куууэ къыхохьэ, ар псынщІэ икІи тынш къытщащІу. Мы куар-кодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Іэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щІыпІэ ущыІэми: Сбер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкІэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ кІэщІ дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икІи къебгъэхьын папщІэ (уи унэм е пэгъунэгъу поштым) и лъабжьэм деж уи цІэунэцІэмрэ хэщІапІэмрэ иботхэри, уасэр абдежым щыбот. ДыфщогугЪ адыгэбзэкІэ къыдэкІ газет закъуэм адэкІи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

## Ди къуэш республикэхэм

### Лъэпкъ фащэм и щІыхькІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Черкесск и «Зеленый остров» паркым щекІуэкІащ Адыгэ лъэпкъ фащэм и махуэм хуэгъэпса фестиваль.***

АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыху ІэпщІэлъапщІэхэм абы щагъэлъэгъуащ фащэхэр, зызэрагъэщІэращІэхэр, пхъэмрэ гъущІымрэ къыхэщІыкІа хьэпшыпхэр. А гъэлъэгъуэныгъэм къекІуэлІахэм Іэмал яІащ адыгэ лъэпкъым и щІэин къулейм зыщагъэгъуэзэну, мы зэманым щыІэ ІэпэІэсэхэм я ІэрыкІхэм еплъыну.

Зэхыхьэм концерти хуагъэхьэзырат. КъШР-м, Адыгейм, Ставрополь крайм я гуп цІэрыІуэхэр хэтащ абы. Мэремкъул Ачарэ, Хьэбыт Вячеслав, Мурат Мурат, Думаныщ Лианэ, нэгъуэщІхэми ягъэзэщІа уэрэдхэм Іэгуауэшхуэ хуаІэтащ. Псом хуэмыдэу гукъинэжт уэрэдымрэ къафэмкІэ «Сэтэней» цІыхубэ ансамблым, Даур Аслъэн и цІэр зезыхьэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ колледжым и «Пасэрей» гупым ягъэзэщІа къафэхэр.

Гулъытэ хэха ягъуэтащ дизайнерхэу Нэхущхэ Заремэрэ Мадинэрэ я ІэдакъэщІэкІ фэилъхьэгъуэхэм.

- Ди япэ итахэм лІэщІыгъуэкІэрэ къызэрагъэпэщащ мы гъуазджэр. Дыхуейщ псоми едгъэлъагъуну нобэ адыгэ фащэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр, щІалэгъуалэм ар зэрыщатІагъэр,- къыхигъэщащ КъШР-м и Парламентым и депутат Аслъэн Алий.

Іуэху гуапэр джэгукІэ иухащ.

### Махуэшхуэ шыгъажэ

АДЫГЕЙ. ***Жэпуэгъуэм и 5-м щІыналъэм и ипподромым щекІуэкІынущ Адыгэ Республикэр илъэс 35-рэ зэрырикъум теухуа махуэшхуэ шыгъажэ.***

ХЬЭЩІЭХЭМ папщІэ утыкум къихьэнущ республикэм и уэрэджыІакІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ, къызэрагъэпэщынущ ІэпщІэлъапщІэхэм ягъэхьэзыра хьэпшыпхэм я жармыкІэ, сабийхэм папщІэ аттракционхэр лэжьэнущ.

Псом я дежкІи гъэщІэгъуэн хъунущ РСО-Аланием щІыхь зиІэ и артист Муратов Сергей зи унафэщІ шууейхэм, «Джигиты Муратова» зи фІэщыгъэм, игъэлъэгъуэнухэр. Адыгейм иджы япэу щагъэлъагъуэну аращ абыхэм я зэфІэкІыр.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● ДифI догъэлъапIэ

# Хъанджэрий къехъуэхъунухэр куэдт

**Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым фокIадэм и 26-м щекIуэкIащ «Проблемы системного изучения языка, фольклора и литературы народов Северного Кавказа в современных культурно-исторических реалиях» урысейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцыр. Ар къызэрагъэпэщащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ БакIуу Хъанджэрий къызэралъхурэ илъэс 85-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ.**

ЗЭХЫХЬЭР иригъэкIуэкIащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Дзэмыхь Къасболэт. Абы зэIущIэм къэкIуа хьэщIэхэр къызэхуэсахэм яригъэцIыхуащ. Ахэр экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и унафэщI Нэгъуей Залымхъан, КъБР-м и Парламентым и депутат, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и щIэныгъэлI-секретарь Щхьэгъэпсэу Сэфарбий, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым, шэрджэс-абазэ филологиемкIэ и кафедрэм и профессор, КъШР-м лъэпкъхэм я бзэ къэхутэныгъэхэмкIэ и центрым и унафэщI ПIаз Сергей, ЕсэнтIыгу къалэм и «Ставрополь къэрал пединститутым» и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Чотчаевэ Маринэ, КъШР-м и Жьэкуэ къуажэм и курыт еджапIэм и унафэщI Хъубий Салимэ, Жьакуэ къуажэм и курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Мамхэгъ Залинэ, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и профессор ЩауэцIыкIу Людмилэ сы-мэт.

Дзэмыхь Къасболэт и псалъэм къыхигъэщащ гъуэгуанэ купщIафIэ къэзыкIуа егъэджакIуэ, щIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгухэм я литературэджхэм фIыуэ къызэрацIыхур, зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдахэм зэращыщыр, и адэр абы зэрыхэкIуэдар, и анэм IуэрыIуатэр фIыуэ ищIэу, и бынхэр абы щIипIыкIыу зэрыщытар. Классих курыт школыр къиуха нэужь, БакIуур Черкесск щыIэ школ-интернатым щIэтIысхьащ. Зи IэщIагъэм хуэIэижь егъэджакIуэфIхэр иIащ абы. КъБКъУ-м и филологие къудамэр къиухри, еджэным щыпищащ Совет Союзым ЩIэныгъэхэмкIэ и академием Дунейпсо литературэмкIэ и институтым и аспирантурэм. «Филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат» цIэр иIэу абы лэжьэн щыщIидзащ Карачаевск къалэм дэт пединститутым. IэщIагъэлI нэсыр иужькIэ ди щIыналъэм къэIэпхъуащ. Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикитIри и зэхуэдэ лъахэщ абы. Хъанджэрий жыджэру хэтащ Урысейм, хамэ къэралхэм щекIуэкI щIэныгъэ конференцхэм, и унафэм щIэту кандидат, доктор лэжьыгъэхэр IэщIагъэлI куэдым пхагъэкIащ. Дзэмыхьым щIигъужащ БакIуу Хъанджэрий пщIэ къызэрыхуащIыр, и лэжьыгъэкIэ иIэ зэфIэкIыр ину къызэралъытэр, езыри фIыуэ къызэралъагъур.

Сэхъурокъуэ Хьэутий къыщыпсалъэм къыхигъэщащ зэхыхьэм зэрырагъэблэгъар гуапэ зэрыщыхъуар, Хъанджэрийрэ абырэ я зэныбжьэгъугъэр лъапIэу къызэрилъытэр, ар зэрыцIыху пэжыр, къызыхэкIам зэрыхуэфащэр. Узыншагъэ быдэ иIэу иджыри и IэнатIэм илъэс куэдкIэ пэрытыну ехъуэхъуащ ар БакIуум.

Нэгъуей Залымхъан республикэм и щIэныгъэлIхэм къабгъэдэкIыу БакIуум и махуэр зэригъэлъапIэмкIэ ехъуэхъуа нэужь, жиIащ лъэпкъ литературэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIар, дяпэкIи а Iуэхум пищэну зэрыщыгугъыр, и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм щIэупщIэ зэраIэр. Ар Хъанджэрий ехъуэхъуащ узыншагъэ, дэрэжэгъуэ иIэу иджыри куэдрэ лэжьэну. Нэгъуейм я IуэхущIапIэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылърэ тхылъ саугъэтхэмрэ иритащ БакIуум.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд жиIащ Хъанджэрий зигу зэIуха цIыхуфIу, гуапэу, ныбжьэгъу пэжу зэрыщытыр. Абы юбилярым зыхуигъэзащ и лэжьыгъэхэм иджыри къыхигъахъуэу, фIым я фIыжыр къехъулIэу дяпэкIи псэуну.

Щхьэгъэпсэу Сэфарбий Хъанджэрий ехъуэхъуащ узыншагъэрэ ехъулIэныгъэрэ иIэу илъэсищэ гъащIэ къигъэщIэну. Ар къеджащ ЩIДАА-м и президент, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу сенатору щыIэ, политик цIэрыIуэ Къанокъуэ Арсен БакIуу Хъанджэрий къыхуигъэхьа хъуэхъум.

Институтым и щIэныгъэлI-секретарь Къумыкъу Динэ пшыхьым къыщеджащ БакIуум и лэжьэгъухэмрэ ныбжьэгъухэмрэ зэрызыкъыхуагъазэ хъуэхъу тхыгъэхэм. Абы итщ адыгэ хабзэм тет щIэныгъэлI, егъэджакIуэ, къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм щIэныгъэм хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуищIыр, литературэм, республикэм еш имыщIэу зэрыхуэлажьэр, зэгуэр щIэныгъэм щыпхиша лъагъуэр щIалэгъуалэм гъуазэ зэрахуэхъуар, лэжьыгъэри унагъуэри къызэрехъулIар. Хъанджэрий и лэжьэгъухэм къабгъэдэкI псалъэм къыхагъэщащ дэтхэнэми гулъытэ зэрахуищIыр гуапэ зэращыхъур.

Пшыхьым къыщеджащ КъБР-м и Правительствэм, ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн республикэхэм, Москва къалэм, нэ-гъуэщI щIыпIэхэм къикIа хъуэхъу телеграммэхэм.

АдэкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэрэшей-Шэрджэс институтым литературэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ Чекалов Пётр, ПIаз Сергей, Чотчаевэ Маринэ, Хъубий Салимэ, ЩауэцIыкIу Людмилэ, сымэ.

БакIуу Хъанджэрий фIыщIэ яхуищIащ зэхыхьэм зыкърезыгъэхьэлIахэм, хъуэхъу, псалъэ гуапэхэмкIэ зыкъыхуэзыгъэзахэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Журналистхэр я IэзагъымкIэ щызэдэгуэшащ Сочэ

● Зэхуэсхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым я лIыкIуэу «Урысейр зэрыщыту-2025» иджырей журналистикэмкIэ XXIX къэралпсо форумым хэтахэр.**

**Краснодар крайм хыхьэ Сочэ къалэм щекIуэкIащ «Урысейр зэрыщыту-2025» иджырей журналистикэмкIэ XXIX зэхуэс ин. Я Iуэху зехьэкIэхэмкIэ, лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп мардэщIэхэмрэ еплъыкIэщIэхэмкIэ зэдэгуэшэну абы кърихьэлIат Урысей Федерацэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэм къызэщIиубыдэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэ 1000-м щIигъу. Къэралым хыхьэ субъект 89-м къикIа журналистхэр, щIыналъэщIэхэм щыщхэр къызрихьэлIа форумым и лэжьыгъэм хэтащ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и лIыкIуэхэр, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, республикэм и журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Жыласэ Заурбэч я пашэу.**

СОЧЭ къалэм и «Жемчужина» хьэщIэщ екIум къыщызэIуахащ форумыр, гуфIэгъуэ щытыкIэм иту. КъулыкъущIэ лъагэхэм яхэплъагъуэрт УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм (СЖР) и унафэщI Соловьёв Владимир, абы и къуэдзэхэр, УФ-м и сенатор, ФедерацэмкIэ Советым хъыбарегъащIэ политикэмрэ СМИ-м ядэлэжьэнымкIэ и комиссэм и унафэщI Пушков Алексей, медиаюрист цIэрыIуэ, медиахуитыныгъэмкIэ эксперт Кузнецовэ Светланэ, МКъУ-м журналистикэмкIэ и факультетым и декан Вартановэ Еленэ, Краснодар крайм и губернатор Кондратьев Вениамин, Сочэ къалэм и администрацэм и Iэтащхьэ Прошурин Андрей, къэралым и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я пашэхэр, лъэпкъ журналистикэм и ветеранхэр, нэгъуэщIхэри.

ГуфIэгъуэ пшыхьым и утыкушхуэм япэу псалъэ зрата Соловьев Владимир и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ мы зэманым IэнатIэр щытыкIэ къызэрымыкIуэм зэритыр, пэжри пцIыри Iэззу щызэхаухуанэ хъыбарегъащIэ ебгъэрыкIуэныгъэ тхIийм зэрыпэщIэтым къыхэкIыу. «АтIэми, нэхъапэми хуэдэу, ди къэралым и хъыбарегъащIэ IэнатIэм пэрыт IэщIагъэлIхэр мэлажьэ, захуагъэмрэ тхыдэм и пэжымрэ я тегъэщIапIэу, сыт хуэдэ Iуэхугъуэми щIэныгъэ лъабжьэ быдэ зэрырагъэгъуэтыным хущIэкъуу. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэфIым папщIэ фIыщIэ фхузощI фэ, си лэжьэгъу лъапIэхэ. Сыхуейщ фызыхэт зэхуэсым лэжьыгъэм къыщыфхуэщхьэпэжын Iуэхугъуэ хьэлэмэт куэд ифхыну, фи нэгу щIэкIыну псори гукъинэ дахэ фхуэхъуну», - жиIащ абы, къызэхуэсахэм захуигъазэу. АдэкIэ Соловьевыр и гуапэу къеджащ УФ-м и Президент Путин Владимир «Урысейр зэрыщыту-2025» иджырей журналистикэмкIэ XXIX зэхуэс иным къекIуэлIахэм къахуигъэхьа хъуэхъум.

Пушков Алексей псэлъапIэр хуит хуащIа нэужь, зэхуэсым кърихьэлIахэм гуапэу ехъуэхъуащ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхум зэрыхэтым щIэныгъэщIэхэр еплъыкIэщIхэр, Iуэху зехьэкIэщIэхэр ирахыну, а псори я щIыналъэхэм шэщIауэ къыщагъэсэбэпыну. Пушковыр апхуэдэу къеджащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и унафэщI Матвиенкэ Валентинэ къэралым и журналист пажэхэм къахуигъэхьа хъуэхъум. Абыхэм къакIэлъыкIуэу журналистхэм хьэршым видеозэпыщIэныгъэкIэ къипсэлъыкIри къехъуэхъуащ мы зэманым абы щыIэ урысей космонавтхэр.

Зэхуэсышхуэм кърихьэлIа журналистхэм, редакторхэм, блогерхэм папщIэ Iуэхугъуэ куэд къыщызэрагъэпэщащ Сочэ. Лектор цIэрыIуэхэр, хъыбарегъащIэ IэнатIэмкIэ эксперт лъэрызехьэхэр, политикэ, щэнхабзэ лэжьакIуэхэр, щIэныгъэлIхэмрэ къэхутакIуэхэмрэ хэтащ абы и лэжьыгъэм. Апхуэдэхэм ящыщт УФ-м и Къэрал Думэм ХъыбарегъащIэ политикэмкIэ, хъыбарегъащIэ технологиехэмрэ связымкIэ и комитетым и унафэщI Боярский Сергей, «Аргументы и факты» АО-м и унафэщI Новиков Руслан, тележурналист, жылагъуэ лэжьакIуэ Шараповэ Аринэ, тележурналист, УФ-м и Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Ситтель Марие, Коммуникацэхэм зегъэужьынымкIэ лъэпкъ къэхутакIуэ институтым и унафэщI Гасумянов Владимир, нэгъуэщIхэри. Ахэр журналистхэм лекцэ хьэлэмэтхэм къахуеджащ, проектыщIэхэмрэ мастер-классхэмрэ щагъэлъэгъуащ, «стIол хъурей» зэхуэсхэмрэ гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ щрагъэкIуэкIащ.

Форумым щекIуэкIа егъэджэныгъэхэм къызэщIаубыда Iуэхугъуэхэр 60-м щIигъурт. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, журналистхэр нейросетхэм щылэжьэным хуегъэсэныр, Iэрыщ зэхэщIыкIыр (искусственный интеллект) къагъэсэбэпыныр, медиа къэхутэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым щыгъуазэ хуэщIыныр, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я IэщIагъэлIхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным епхахэр, лъэпкъ хъыбарегъащIэ IэнатIэм зегъэужьыным ехьэлIахэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм къекIуэлIахэм папщIэ «Жемчужина» хьэщIэщым и щIыхьэпIэ хуитым къыщызэрагъэпэщат проект зэмылIэужьыгъуэхэр зи лъабжьэ сурэт гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт. Апхуэдэу махуэ бжыгъэкIэ лэжьащ щIыналъэхэм къраша ягъэIэпхъуэ выставкэ купщIафIэхэри. Абыхэм ящыщ куэд теухуат ТекIуэныгъэ Иныр мы гъэм илъэс 80 зэрырикъуам. А Iуэхугъуэхэри куэдым гунэс ящыхъуащ.

Махуэ зыбжанэкIэ зэхэта зэхуэсым лэжьыгъэ купщIафIэ къыщрахьэлIащ. ЗэIущIэр хъуащ Iуэху зехьэкIэщIэхэмкIэ щызэдэгуашэ, журналистхэр щызэрыцIыхуа, щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэр, егъэджэныгъэхэр щызэфIахаа, апхуэдэуи къэралым ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр нэхъри зыгъэбыда форум.

«Урысейр зэрыщыту-2025» зэхуэсым къриубыдэу УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и Федеративнэ советым хэтхэм я зэIущIи иригъэкIуэкIащ IэнатIэм и тхьэмадэ Соловьёв Владимир. Абы щыхэплъэжащ блэкIа лъэхъэнэм яхузэфIэкIахэмрэ дяпэкIэ къапэщылъхэмрэ. ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Жыласэ Заурбэч. Абы къыхилъхьащ я зэгухьэныгъэм творческэ мыхьэнэ иIэу къэлъытэн хуейуэ. «Апхуэдэу зэрыщытым и зэран псоми къыдокI икIи дэтхэнэми и щхьэр зэрыхузэфIэкIкIэ игъэпсэужын хуей мэхъу. ЗэрытщIэщи, творческэ мыхьэнэ зиIэ адрей союзхэм (тхакIуэхэм, сурэтыщIхэм, композиторхэм, н.къ.) къэралым къыбгъэдэкI дэIэпыкъуныгъэ ягъуэт. Ди зэгухьэныгъэри творческэу къалъытамэ, едгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм адэкIи зэрызедгъэужьын IэмалыфIхэр нэхъри къэдгъэсэбэпыфынут, ахэр зэфIэха хъунымкIи мылъку тегъэщIапIэ диIэнут», - жиIащ Жыласэ Заурбэч. «Инфорум» зэхуэс ин иджыблагъэ ехъулIэныгъэкIэ щрагъэкIуэкIа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и пашэм къыхилъхьа Iуэхур икъукIэ и чэзууэ къалъытэри, Федеративнэ советым хэтхэм IэIэткIэ къащтащ ар, япэ игъэщыпхъэхэм, зэлэжьыпхъэхэм ящыщу къалъытэу. Зэгурыlуащ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIхэр а IуэхугъуэмкIэ УФ-м Президентым и Администрацэм, ФедерацэмкIэ и Советым, Къэрал Думэм, нэгъуэщIу ар зи пщэ къыдэхуэхэм зыхуагъэзэну.

Къэралым и журналистхэм я форумыр Iэтауэ щызэхуащIыжащ Сочэ къалэм и ЩIымахуэ театрым. Соловьевыр абы и утыкум къыщыщыпсалъэм къыхигъэщащ зэхуэсым щызэфIаха Iуэхухэмкiэ зэрыарэзыр. Апхуэдэуи абы фIыщIэшхуэ яхуищIащ зэхыхьэ иныр къызэгъэпэщынымрэ ар къызыхуэтыншэу, хьэлэмэту, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ гъэнщIауэ егъэкIуэкIынымкIэ сэбэпышхуэ къыхуэхъуахэу Краснодар краймрэ Сочэ къалэмрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм.

«Урысейр зэрыщыту-2025» иджырей журналистикэмкIэ XXIX къэралпсо форумым и лэжьыгъэр къызэрагъэпэщащ Президент грантхэмкIэ фондыр я дэIэпыкъуэгъуу. Абы щызэрагъэгъуэта зэфIэкIыщIэхэр, щIэныгъэщIэхэр кърихьэлIахэм, шэч хэмылъу, къыщагъэсэбэпынущ зи лIыкIуэ хъуа хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм щызэфIах лэжьыгъэхэм.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# Къызэрыдахьэхынщ зи яужь итыр

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и иджырей зэхыхьэм и IV зэхуэсышхуэу республикэм и Парламентым щызэхашам и гугъу щащIащ щIыналъэм и зыгъэпсэхупIэхэм я зыужьыкIэр зыхуэдэм.**

ЗЭIУЩIЭР зэрекIуэкIым я нэIэ трагъэтащ Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Берд Хьэзрэталий, абы и къуэдзэхэу Федченкэ Людмилэрэ Туменов Мурадинрэ, а зэгухьэныгъэм хэт Къарэмырзэ Барэсбий сымэ. Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и къудамэу къалэхэмрэ районхэмрэ щыIэхэм я лIыкIуэхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрым и къуэдзэ Щхьэгъэпсо Аслъэнбий къыхигъэщащ ди республикэм цIыхухэм я узыншагъэм дежкIэ сэбэп хъу щIыпIэхэр зэрыщыкуэдыр. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, гъэмахуэ цIывыгъуэу дунейр щыхуабаем жы къабзэ щIыIэтыIэу цIыхухэр тыншу зыгъэбауэр къыщалъыхъуэу, цIыхухэр куэду бгыщхьэхэмкIэ зэрыкIуэр, псы хущхъуэ къыщIэжыпIэхэм адэкIэ-мыдэкIэ уазэрыщыхуэзэр, нэгъуэщIхэри.

- ГурыIуэгъуэщ, а псоми хэкIыпIэ дэгъуэхэр къызэрыдатыр ди щIыналъэм узыншагъэр щедгъэфIэкIуэнымкIи, спортым зыщедгъэужьынымкIи, бгыщхьэ туризмэм зыщиузэщIынымкIи, нэгузегъэужьыпIэхэм зыщаубгъунымкIи. Республикэм и къалащхьэм и гугъу тщIымэ, нэрылъагъущ курорт IэнатIэу къыпыщIахэм щIэрыщIэу зэрызыщаужьыжри, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIыу къытхуэкIуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэжри, - къыхигъэщащ министрым и къуэдзэм.

Щхьэгъэпсом апхуэдэуи жиIащ 2018 - 2024 гъэхэм ди щIыналъэм зыщызыгъэпсэхуну къэкIуахэм я бжыгъэр, илъэсым хуэзэу, я нэхъ мащIэрауэ, плIыкIэ зэрыхэхъуари, нэгъуэщIу жытIэмэ, мини 147-м зэрынэсари. Гу лъытапхъэщ: абыхэм ящыщу мин 50-м щIигъум къыхахар ди республикэм и санаторэ-курорт IуэхущIапIэхэрщ.

- ЩытыкIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызихъуэжам щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъуауэ дэ къэтлъытэр езы зыгъэпсэхупIэхэм, иджырей мардэхэм къитIасэу, я теплъэ-зэгъэпэщыкIэм куэду зэрызрагъэхъуэжарщ, ар зэдгъэхъулIэн папщIэ, федеральнэ, щIыналъэ бюджетхэм къыхэкIыу мылъкушхуэ зэрыхалъхьарщ. Санаторэ-курорт IуэхущIапIэ 21-ри хэту, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыгъэпсэхупIэхэм епха IэнатIэхэм я бжыгъэр мы зэманым 68-м нэсащ. Абыхэм зы жэщмахуэм къриубыдэу, псори зэхэту, цIыху мини 7-м щIигъу щахуэгъэхьэщIэнущ. Мы бжыгъэм хохьэ иужьрей илъэс 15-м ди республикэм къыщыунэхуа, псори зэхэту цIыху 1600-м нэблагъэ къызыхуэщтэну зыгъэпсэхупIэщIэу 35-ри, - жиIащ адэкIэ Щхьэгъэпсом.

Министрым и къуэдзэр апхуэдэуи тепсэлъыхьащ 2030 гъэм нэсыху зрагъэхъулIэну я мурадхэм. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, Налшык къалэ ипщэ лъэныкъуэмкIэ (Хьэсэней хьэблэм и гъунэгъуу) къыщхьэщыт Нартей Iуащхьэм и щыгум узыншагъэр щрагъэфIакIуэ спорт IуэхущIапIэщIэ къызэрыщызэрагъэпэщынур, Щхъуэмч лъагъуэмрэ (Каштан аллеемрэ) ТекIуэныгъэм и хадэмрэ я зекIуапIэхэр иджырей мардэхэм къитIасэу зэрызэрагъэпэщыжынур, экстрим-паркым и проектыр гъэзэщIэным яужь зэрихьэнур.

А пэхуэщIэхэр гъащIэм щыпхагъэкIа иужь, республикэм зыщызыгъэпсэхуну къакIуэхэм я бжыгъэр, зэрагугъэмкIэ, мин 200-м нэблэгъэнущ, хьэщIэщхэм зы жэщмахуэм къриубыдэу цIыху мини 10-м нэблагъэ щахуэгъэхьэщIэнущ.

Щхьэгъэпсо Аслъэнбий щхьэхуэу къытеувыIащ республикэм и санаторэ-курорт IуэхущIапIэхэм жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэхэри зэригъэзащIэм, псалъэм и хьэтыркIэ, Украинэм, абы и гъунэгъу хэгъэгухэу ДНР-м, ЛНР-м, Херсон, Запорожье областхэм, апхуэдэуи Палестинэм и цIыхухэр зыхуей зэрыщыхуагъэазэр.

«Налшык курорт» АО-м и унафэщI Афэ Хьэсэнбий тепсэлъыхьащ зи пашэ IэнатIэу 1998 гъэм къызэIуахам и лэжьыгъэр зэрекIуэкIым, къыхигъэщащ 2024 гъэм абы цIыху мин 15-м нэблагъэм я деж зэрызыщагъэпсэхуар, мы махуэхэм иджыри цIыху мини 10-м щIигъу Москва и закъуэ къахуикIын хуейуэ зэрыпэплъэр.

Къинэмыщlауэ, Афэм и гугъу ищIащ сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ «Комсомолец» лагерыр, абдежым щыщыIа санаторэр и лъабжьэу, къызэрыщагъэщIэрэщIэжым. Зыхуей хуагъэза иужь, абы зэуэ сабий 200-м нэблагъэм, зи Iэпкълъэпкъкъызыдэмыбзхэри яхэту, зыщагъэпсэхуфынущ.

ЗэIущIэм я Iуэху зытетым щытепсэлъыхьащ «Къалэм, курортым, туризмэм зегъэужьынымкIэ департаментым» и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Соблыр Алинэ, «Маяк» зыгъэпсэхупIэм и унафэщI Мамаевэ ХьэIишэт, «Долина Нарзанов» санаторэм и пашэ Чапаев Ибрэхьим сымэ, нэгъуэщIхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и иджырей зэIущIэм хэтахэм къызэдащтащ зытепсэлъыхьа Iуэхухэр зи къалэным хыхьэ къулыкъущIапIэхэм зэрызыхуагъэзэну чэнджэщхэр.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### Мурадышхуэхэр хуаIэщ

**Газэм щекIуэкI зауэр гъэувыIэным хуэунэтIа сыт хуэдэ Iуэхури даIыгъыну хьэзырщ. Абы щыгъуэми къалъытэн хуейщ Палестинэм и Iуэхум дуней псор зэреплъым зэрызрагъэхъуэжыпхъэр.**

АБЫ теухуауэ къэпсэлъащ Палестинэм и Лъэпкъ, Нэхъыщхьэ советхэм хэт Заэйтер Хайсам. «Израилым ди цIыхубэм хуэгъэзауэ илъэситI хъуауэ иригъэкIуэкI лъэпкъгъэкIуэдыр къызэтегъэувыIэн хуейщ. Ди лъэпкъым Газэ лIыгъэ щызэрехьэ, ди ныкъуэкъуэгъум и мурадхэм пэщIэту махуэ къэс гугъуехьхэм хэтщ, и гъащIэр хелъхьэ», - жеIэ абы.

Политикым къыхигъэщащ мы зэманым Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу яIэр зауэр къызэтрагъэувыIэу, цIыхухэм ядэIэпыкъуныршц, палестинхэм я щIыналъэр ирагъэзбгынэну зэрыжаIэр щагъэтыныр, Израилым и тутнакъхэм ирадза цIыху мин 13-р къегъэутIыпщыжыныр зэрыарар. Къэпсэлъам зэрыжиIэмкIэ, зауэр къагъэувыIэмэ, адэкIэ Палестинэ зэкъуэтыныгъэр зэфIэгъэувэжын хуейщ, зыми емыпха къэралыгъуэ щхьэхуиту (Иерусалим и къалащхьэу) къалъытэн папщIэ.

США-м и президент Дональд Трамп Газэ и щытыкIэм теухуауэ блыщхьэм хэIущIыIу ищIа и мурадхэр Iуэхугъуэ 20 мэхъу. Абы къыщыгъэлъэгъуащ Палестинэм щыIэ ХАМАС зэгухьэныгъэмрэ нэгъуэщI гупхэмрэ Газэ и Iуэхум зыкIи пымыщIауэ текIуэтын зэрыхуейр. Трамп зэрыжиIэмкIэ, Газэр и нэIэм щIэувэн хуейщ езыр зи пашэу щытыну унафэщIхэм я дунейпсо органым.

Жэпуэгъуэм и 2, *махуэку*

♦ **Залымыгъэ мылэжьыным и дунейпсо махуэщ**
♦ **Социальнэ егъэджакIуэм и махуэщ**
♦ **УФ-м цIыхухэм IэщIагъэ егъэгъуэтынымкIэ и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦ **Лъэсу къэкIухьыным и дунейпсо махуэщ**
♦ **1951** гъэм къалъхуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм, КъБР-м, АР-м, КъШР-м я цIыхубэ артист **Тут Заур**.
♦ **1954 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI **Ерчэн Исуф**.
♦ **1970 гъэм** къалъхуащ пауэрлифтинг спорт лIэужьыгъуэмкIэ плIэнейрэ (1996 - 1999 гъэхэм) дунейм и чемпион хъуа **Хъуажь Юрэ**.
♦ **1982 гъэм** къалъхуащ КъБР-м, КъШР-м, АР-м, щIыхь зиIэ и артисткэ **Къэзан Сэтэней**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр щытехьэ-текIщ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 11 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 3, *мэрем*

♦ **Дохутырым я дунейпсо махуэщ**
♦ **Урысейм и ОМОН-м и махуэщ**
♦ **1933 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр къызэрагъэпэщащ.
♦ **1927 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, генерал-майор **Къатхъэн Мухьэмэд**.
♦ **1955 гъэм** къалъхуащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Щоджэн ФатIимэ**.
♦ **1966 гъэм** къалъхуащ журналист, усакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщIу щыта **ГъущIо Зариф**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, щIыналъэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 16, жэщым градус 11 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **БАГЪЭТЫР Луизэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Дыгъужьыр бгъашхэ пэтми, мэзымкIэ маплъэ**

Къэбэрдей-Балъкъэрым Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВГТРК-р, « «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», Советская молодёжь», «Горянка», газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-р, «КъБР-Инфо» хъыбарегъащIэ агентствэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр яхуогузавэ журналистикэм и ветеран, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Шахмурзаев Хьалид Саид и къуэм** абы и щхьэгъусэ **Шахмурзаевэ ФатIимэт Хьэким и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

# ФIым зыри къыхуэгъуркъым

**Гъунэгъу Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм фокIадэм и 10-м къыщыхъея Iэуэлъауэм ди дежи къэмысыпIэ иIэтэкъым. Илъэс 29-рэ зи ныбжь депутатыр «права къызыхуащэхуа» хъыджэбзхэм я щхьэм пхъашэу ирикIуащ. ЗрикIуари езыхэракъым, атIэ абыхэм машинэрэ ар къызэрырахуэкIын дэфтэр нэпцIрэ къахуэзыщэхухэрщ.**

ДИДАРОВ Сослан и цIэр нэхъапэми къитIуауэ щытащ, цIыхубэр зыхуей-зыхуэфIхэр ищIэу, илъэкI къэзымыгъанэ къулыкъущIэ щIалэхэм я щапхъэу. Апхуэдэпщ Iэ цIыхубэм я деж Сослан къызэрыщилэжьыфар зыхуахьыр езым и лэжьыгъэм псэ къабзагъэу хилъхьэрщ. Щапхъэм и хьэтыркIэ, Дидаровым и закъуэщ Кавказ Ищхъэрым щат улахуэхэр къэралым и адрей щIыпIэхэм щатым куэдкIэ къазэрыкIэрыхум хуабжьу тепсэлъыхьар. Владикавказ унэ уасэхэр щIыщыдрагъэуейм и щхьэусыгъуэм, ауэ щыхъукIэ, хабзэхъумэхэмрэ дзэм и лэжьакIуэхэмрэ ардыдэхэр пуду щIаIэрыхьэм щIэупщIар. Депутатым гу лъаригъэтащ щIалэгъуалэр республикэм зэриIэпхъукIым, цIыхушхуэ Америкэм зэритIысхьам, уеблэмэ осетин хьэблэхэр щаухуэжауэ зэрыщытым. «Дауэ унагъуэщIэхэр Хэкум къызэринэнур, ипотекэ къудейм и уасэ зэрамыгъэуIуфмэ?» - жиIэри, упщIэр игъэуващ депутатым. А псори Сослан къыщипсэлъыр парламент кIуэцIырщ, зыкъыхуэзыгъазэ цIыхухэм я гукъеуэхэр къигъэнаIуэу. ЩIалэр утыку итыным хуэщIащ, зэпсалъэхэр илъагъуу, зыхищIэу, Iуэхум пхухэлъхьэнур гурыIуэгъуэ ищIу.

Пэжращи, жагъуэгъур щэхурыпхъуэщ. ПщIэрэ щхьэрэ зиIэ политик щIалэм зэрыпэлъэщыну Iэмалу зылъэIэсар цIыхубзхэм я къыщхьэщыжакIуэу зызыгъэIуа Собчак Ксение IейкIэ къытрагъэпсэлъыхьынырщ. Сослан IэщIэкIа «шхыдэбзэм» машинэ къезыхуэкI хъыджэбз псори зэригъэпудым, абыхэм щхьэкIэ «хьэуазэ зи щхьэм илъ силикон гуащэхэр» зэрыжиIам щхьэкIэ, «къысхуэгъэгъу» жимыIэжу зэрымыхъунур осетин щIалэм кърaIуэкIащ.

Арати, узэдэуэнумэ, гупгуп узэрищIыкIынумэ, къеблагъэ. «Уей, Сослан апхуэдэу жиIэн хуэмея», - жызыIахэр зы гуп. «Депутат къулыкъум къытедзын хуейщ ар», - жызыIэхэр етIуанэ. Езы Дидаровыр интернетым къихьэри, Собчак жэуап иритащ: «Сэ цIыхубзхэр згъэпудын си хьэлу жызыIэн къэбгъэувыфыну къыщIэкIынкъым. Анэр си дежкIэ анэщ, шыпхъур - шыпхъущ, щхьэгъусэр - щхьэгъусэщ, ауэ зи щхьэм хьэуазэ илъ силикон гуащэри - зи щхьэм хьэуазэ илъ силикон гуащэщ, щхьэж и цIэмкIэ еджэн хуейщ. Апхуэдэ хъыджэбзхэм я зэранкIэ гъуэгу къэхъукъащIэм мызэ-мытIэу сыхэхуэ пэтащ. Пэжщ, машинэ къехуэкIыкIэ зымыщIэр хъыджэбзхэм я закъуэкъым, абыкIэ хэти пхуэгъэкъуэншэнущ, ауэ Iуэхум хэзыщIыкIым сэ апхуэдэу щIыжысIар къыгуроIуэ».

Ауэрэ хъыбарым зиубгъуащ. Дидаровыр иджыри зэ утыкум къихьэри, Собчак Ксение Осетием иригъэблэгъащ, Iуэхур зыIутыр и нэкIэ илъагъун хуэдэу, цIыхухэм я псэукIэр ягу къеуэр пэжмэ, зэгъусэу ящIэн къазэрыхуэгъуэтынур къыхигъэщу.

Машинэ къезыхуэкI хъыджэбзхэм депутатым жиIар я щхьэ хуахьыххакъым. ИтIани, Дидаровым зэгъэпщэныгъэкIэ зэрыригъэлеяр наIуэти, ар жэщ-махуэ 15-кIэ ягъэтIысынкIи зэрыхъунур зэпхагъэIукIащ. Ар утыку къизыхьар юрист Воропаев Олегщ. ЦIыхубз къулыкъущIэ зыбжанэ, Собчак дежьууэ, щIалэм техъущIыхьащ. Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Парламентым Депутатым хэлъыпхъэ щэнымкIэ и комитетым и унафэщI Бердиев Кермен Дидаровым хуэфащэ тезыр щытралъхьэну зэIущIэ зэрызэхашэр къигъэнэIуащ. А хъыбарым занщIэу къыпэджэжащ республикэм и Уэчылхэм я зэгухьэныгъэр Дидаровым пщIэншэу къыщхьэщыжыну зэрыхьэзырым теухуа хъыбарыр. ЖьакIуэу я лъэпкъэгъу щIалэр зыухейхэм къащIэжащ Дидаровыр зыгъэIущыжыну хэт езы Собчак и гублащхьэдэсым, ар кхъухьлъатэм къыкIэримыгъэхун папщIэ, псынщIагъкIэ иригъэлейуэ, цIыху иригъэукIауэ зэрыщытар. ЦIыхухэр къигъэуIэбжьауэ щытащ журналисткэм ар къыфIэмыIуэхуххэу, и гъуэгум пищауэ зэрыщытам. Апхуэдэ къэмыхъун папщIэщ Сослан и псалъэр щIигъэпхъашэр.

Сытми, зи напэр трахыну хуея щIалэм и пщIэм нэхъри хагъэхъуауэ къыщIэкIащ. «Мы къевгъэлыну фызыхэт щIалэм лъэпкъ лъагъуныгъэм зыщIигъэмбрыуауэ, матхъэ, зыри лей къытехьакъым икIи къытехьэнукъым», - жызыIар захуэт.

# Анэдэлъхубзэр - къуажэдэсыбзэ?

**«Урысей школхэм щадж лъэпкъыбзэхэм я Iыхьэ щанэм кIуэдыжын шынагъуэр ящхьэщытщ», - жеIэ «Ведомости» газетым и корреспондент Дорофеевэ Екатеринэ. «КIуэдыжыпакIэ» уеджэ хъунущ «сойот» бзэм. Адыгэбзэр хеубыдэ «къуажэм фIэкIа къыщамыгъэсэбэпхэм».**

УРЫСЕЙ школхэм щадж бзэхэм ящыщу 24-р «ныбжькIэ зэIэпамыхыжхэм» хеубыдэ. Абы къикIращи, е а бзэхэм ирипсалъэ щыIэжкъым, е куэдрэ къагъэсэбэпыркъым. Бжыгъэхэр къехь РАН-м и БзэщIэныгъэ институтым.

Псори зэхэту, Урысейм лъэпкъыбзэ 76-рэ щадж. Къызэрагъэщхьэпэ щIыкIэм елъытауэ, ахэр лIэужьыгъуэ зыбжанэу ягуэш. КIуэдыжын шынагъуэ зыщхьэщытхэм хабжэ бзэ «щхьэукъуэхэмрэ» «зэпычахэмрэ». ИщхьэкIэ зи цIэ къыщитIуа «сойотыбзэм» ирипсалъэу щытащ Сыбырым щыпсэу сойотхэр. Ар нобэ къагъэпсэужыну хэтщ, школми щадж. РАН-м и къэпщытэныгъэхэм япкъ иткIэ, сойотыбзэр 1970 гъэхэм кIуэдыжащ. Апхуэдэу бзэм щыхужаIэр абы ирипсалъэ иужьрей цIыхур дунейм ехыжа нэужьщ.

Бзэ «щхьэукъуэхэм» хеубыдэ уэру къамыгъэсэбэпхэр. Урысей школхэм апхуэдэу 6 щадж: уралыбзэ къудамэхэу водхэр, ижорхэр, саамхэр, энецхэр зэрыпсалъэхэр, чукотск-камчатск лъэныкъуэм щызекIуэ «ительмен» бзэр, тыркубзэхэм ящыщу «тофаларыбзэр». «Щхьэукъуэхэм» хиубыдэр цIыху плIыщI фIэкIа зэрымыпсэлъэжхэрщ.

АдэкIэ дынос «зэпыча» жыхуаIэ лIэужьыгъуэм, абы ирипсалъэхэр цIыху 10 - 5000 хуэдизщ. Абыхэм яхохьэ урысей школхэм щадж бзэ 17: идиш, карел, финныбзэ, корякыбзэ, вепс, къинэмыщIхэр. Бзэ «зэпычахэм» хабжэр махуэ къэс зэрымыпсалъэхэрщ.

Бзэ нэхъыбэ зыхиубыдэ гупщ «къуажэм фIэкIа къыщамыгъэсэбэпхэмрэ» (апхуэдэхэр 24-рэ мэхъу), «къалэм фIэкIа къыщамыгъэсэбэпхэмрэ» (ахэр 8 мэхъу). Абы къикIыр а бзэм ирипсалъэхэр зэIэпызых нэхъыжьнэхъыщIэхэр е къуажэм е къалэм фIэкIа щымыпсэууэ аращ, ауэ бзэм ирипсалъэхэм ар махуэ къэс къагъэсэбэп.

«Къуажэм фIэкIа къыщамыгъэсэбэпхэм» хиубыдэхэр: аварыбзэ, адыгэбзэ, бурятыбзэ, къэзахъыбзэ, лезгин, чуваш, къинэмыщIхэр. Адыгэбзэр мыбдежым зэритыр «адыгейский» фIэщыгъэмкIэщ, ауэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэри зыхыхьэр мырагъэнущ. Мыпхуэдэ лIэужьыгъуэм ирипсалъэхэм я бжыгъэр цIыху 6500-м щегъэжьауэ 1 мелуаным нос. «Къалэм фIэкIа къыщамыгъэсэбэпхэм» хеубыдэ башкирыбзэр, тэтэрыбзэр, шэшэныбзэр, якутыбзэр, къинэмыщIхэр. Апхуэдэхэм иропсалъэ цIыху 40000-м щегъэжьауэ мелуани 5-м нэс.

Школхэм щрагъэдж адрей бзэ 20-р лIэужьыгъуитIу ягуэшыж: «зэпыухэм» хагъэхьар 12 мэхъу, «щIыпIэ хэхам фIэкIа къыщымысэбэпхэр» 8 мэхъу. «Зэпыухэр» гъунапкъэ гуэрым иубыдауэ къонэ, «щIыпIэ щхьэхуэм фIэкIа щыземыкIуэхэр» зыхуэдэр и цIэм къыбжаIэ. Ахэр щылажьэр зы лъэпкъ гуэр щыпсэу щIыпIэм и закъуэщ.

«Зэпыухэм» хабжэ белорусыбзэр, болгарыбзэр, чукотскэр, абыхэм цIыхуи 100 - 50000 иропсалъэ. «ЩIыпIэбзэхэр»: азербайджаныбзэр, ермэлыр, украиныр, даргиныбзэр. Мыбыхэм цIыху 300 - 100 000 иропсалъэ.

АнэдэлъхубзэхэмкIэ къэрал институтым и унафэщI Брызгаловэ Саргыланэ зэрыжиIэмкIэ, къэрал школхэм щадж лъэпкъыбзэ 76-м ящыщу, 54-м папщIэ дерс щхьэхуэхэр щыIэщ. ЩIыналъэ 20-м щадж Ищхъэрэм, Сыбырым, КъуэкIыпIэ Жыжьэм щызекIуэ бзэ 26-рэ. Бзэ 46-мкIэ сабий Iыгъыпlэ программэхэр мэлажьэ.

Лъэпкъыбзэхэр зэрадж дерсхэр зэщхькъым. Бзэ 59-кIэ къэрал программэ 340-рэ яубзыхуауэ щыIэщ. Бзэ 32-м тхылъ 540-рэ хуагъэхьэзыращ. Сабийхэр хуитщ ахэр адэ-анэхэм и лъэIукIэ дерс папщIэу яджыну е школщIыб щIэныгъэм хиубыдэу зрагъэщIэну.

БзэщIэныгъэ институтым и унафэщI Кибрик Андрей зэрыжиIэмкIэ, хуэмурэ бзэ псоми, урысыбзэм нэмыщI, я къарум хощI. Зэманым къегъэлъагъуэ урысыбзэмкIэ фIэкIа, сабийхэм зыри зэрызрамыгъащIэр. Уеблэмэ щIыпIэ жыжьэхэм щыщ сабийхэр урысыбзэ фIэкIа ямыщIэу школым макIуэ.

Бзэ зэмылIэужьыгъуэхэр хъумэн Iуэхум ехьэлIауэ, щытыкIэр щIагъуэкъым, - жеIэ Кибрик. - Къэралым Конституцэм иту къалэн иIэщ а бзэхэр къызэтригъэнэну. Бзэр ящIэну ухуеймэ, абыкIэ узыщыгугъыпхъэр адэанэрщ. Сабиигъуэ пасэм зрамыгъэщIа бзэр школым щызрагъэщIэжыну ущыгугъыныр щхьэгъэпцIэжщ, абы сабийр бзэ гуэр ищIэу къекIуэлIэн хуейщ.

РАН-м и къэбжыкIэмкIэ, Урысейм иджыри бзи 155-рэ «псэууэ» щызокIуэ. Ауэ 20 лIэщIыгъуэм къриубыдэу бзэ 15 «щхьэукъуахэм» е «кIуэдыжахэм» зэрахэхуам уегъэгузавэ. Iыхьэ щанэм кIуэдыжын шынагъуэр ящхьэщытщ.

Къуаншэр къэплъыхьуэн нэхърэ, хэкIыпIэ къэбгъуэтыну нэхъ тыншщ. Куэд щотхъу финнхэм сабийхэр зэрырагъаджэ Iэмалхэм. ЗэрыжаIэмкIэ, абыхэм я школ унафэщIхэм адэ-анэр хагъэзыхь езыхэм я анэдэлъхубзэр ирагъэщIэну, сыту жыпIэмэ, анэдэлъхубзэ зымыщIэм и акъылыр быдэу зэрыубыдыркъым, абы къыхэкIыу, егъэджэгъуей мэхъу.

Къущхьэхъу хъупIэхэм



# Iэщ, мэл гъэхъуным нэхъ зратыжащ

*КъБР-м щIы Iуэхухэмрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министрым и чэнджэщэгъу Иуан Аскэрбий и гъусэу, дэ иджыблагъэ дыщыIащ икIи дыщыIущIащ республикэм и гъэмахуэ хъупIэхэм ящыщ Хьэмащэ и хэщIапIэ нэхъыщхьэм тесхэмрэ абы и Iэхэлъахэм щыIэ Iэбгъэ зыбжанэм щылажьэхэмрэ. Япэу дызэпсэлъахэм ящыщщ Хьэмащэ хъупIэм и Iэщ «сымаджэщ» IэнатIэм и унафэщI Щомахуэ МуIэед.*

**- Мы лъэныкъуэмкIэ Къущхьэхъум къыдаху Iэщми, шыми, мэлми я бжыгъэм иужьрей илъэсхэм нэхъ заIэтыжауэ къэплъытэрэ, МуIэед?**

- Iэмыщуи (Iэщышхуэ), мамыщуи (мэлбжэн), шыуи гъэ къэс къыдахум я бжыгъэм зэрыхэхъуэр дэркIэ нэрылъагъущ. Iэхэлъахэм къиихьэм я узыншагъэр зэкIэлъызыгъэкIуэн хуей IэщIагъэлIхэм а пщэрылъыр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыжыныр ди къалэнщ. НэгъуэщIу къэдгъэлъагъуэмэ, дэтхэнэ Iэмыщи мамыщи я узыншагъэм дэдгъуэн зэрыщымыIэмкIэ тхылъымпIэр (ветеринарное свидетельство) ядэщIыгъуущ Къущхьэхъум къызэрыдахун хуейр, хабзэм зэригъэувымкIэ. Зи гугъу тщIы дэфтэрыр зыхуамыгъэхьэзыра къахэкIамэ, апхуэдэ здэщыIэ Iэбгъэхэм я дохутырхэр ди гъусэу, я Iэщышхуи, мэли, шыи къыдоплъыхь, мастэ зыхэIупхъэхэм яхыдогъалъхьэ, ар зэрызэфIэкIам теухуа тхылъымпIэри яIэрыдогъэхьэж.

**- Къэбэрдей-Балъкъэрым абыкIэ хуитыныгъэ къывэзытыр хэт?**

- Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм деж къыщызэрагъэпэща ветеринар IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм.

**- Илъэс 30 - 40 ипэкIэ къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэшхуэхэм къадэкIуэу, Къущхьэхъум щIы куэд щызэрамыхьэж хъуауэ, иужькIэ къэунэхуа хабзэщIэхэм ипкъ иткIи бэджэнду къыщамыщтауэ, а псом къахэкIыуи удзыжьхэм щызэщIащтэжауэ ягъэхъыбарырт. Мы зэманым сытым тет хъупIэхэм я Iуэхур?**

- Иджыпсту Iэщ, мэл, шы гъэхъуным куэдым нэхъ зратыжащ, уеблэмэ апхуэдизу нэхъ зыдрагъэхьэхыж хъуащи, езыхэр хуит зыхуащIа, я IэмыщIэ иралъхьа щIы кIапэхэр къэзыхухьыжхэри яхэтщ.

**- Сыт апхуэдэу щIащIыр?**

- Япэрауэ, зыхуит щIыр здэщыIэр, здэгъэзар зэхацIыхукIыжыфын папщIэщ. ЕтIуанэрауэ, я Iэщыр е мэлыр нэгъуэщIым и щIы Iыхьэм, зэрымыщIэкIэ, ирамыгъэхьэн щхьэкIэщ...

**- Апхуэдиз зи инагъ хъупIэр къахуэхухьрэ?**

- ТIэкIу-тIэкIуурэ яхузэфIокI, жэуаплыныгъэ зэрахэлъым и нэщэнэу.

**- Мы щIыпIэм нэхъ и гъунэгъу щIы кIапэхэм къинэмыщIа, модэкIэ нэхъ пхыдзауэ щыIэхэри бэджэнду къащтэрэ, МуIэед?**

- АтIэ! Мес мобыкIэ, - и Iэр ещI бгыщхьэ тафэм зыщиIэтымкIэ, - Къэнжал бгыщхьэ тафэм нэсыхуи абы адкIэжкIи.

**- Ар дауэ? Къанжал деж щиух ди гугъати мыбыкIэ къыщывэгъэщIылIа хъупIэхэр!**

- Мыбдежым къыщыщIэбдзауэ удэкIуеймэ, япэщIыкIэ Мазэхэ, адэкIэ Къазий и псынэ, кIэлъыкIуэу Джэдмыщх, нэхъ жыжьэжу Къанжал, Къанжалышхуэ, Къанжал дыгъафIэ, адрейхэри, кIэщIу жытIэмэ, хъупIэ Iэджи диIэщ. А псоми Iэщыхъуэхэр исщ.

**- КъеббжэкIа щIыпIэхэр псори къывэпха?**

- АтIэ! «Къанжалышхуэ» жыхуэтIэр инщ, ар зыхуэзэр Къанжал щыгу адкIэжкIэщ, Балъкъ къуршыпс мыдрыщIымкIэ щыIэ щIыпIэрщ, Iуащхьэмахуэ бгыжьым и Iэхэлъахэм нэс дэкIуейуэ, - къыдетыж жэуап Щомахуэм.

*Мыбдежым сэ езым гъэщIэгъуэн сщыхъуари къыхэзгъэщынут: Дэнэ дежу пIэрэ щызэхэкIыр Хьэмащэ и хэщIапIэ нэхъыщхьэм къегъэщIылIауэ къалъытэ хъупIэхэмрэ Бахъсэн и псыхъуащхьэхэмкIэ дэс Былым къуажэм узэрыдэжу ижьымкIэ дэбдзыхрэ, бгым километр 23-кIэ уихьа иужь узыщрихьэлIэ Къуэштэн - Ныуэжьыдзэ - Хьэкхъуафэ къуакIэбгыкIэ екIуэкIым зыщызыуфэбгъуа хъупIэхэмрэ я гъунапкъэр? - жысIэри. ИтIани, а гупсысэм зэрызедгъэубгъун щIэныгъэ мызыгъуэгукIэ къызэрыдэмэщIэкIым къыхэкIыу, псэлъэгъу тхуэхъуамкIэ къедгъэзэкIэжынщ...*

**- Мыпхуэдэуи сыноупщIынут, МуIэед: Iэщыхъуэхэм ящыщу дэтхэнэ лъэпкъым къахэкIахэр щынэхъыбэ Къущхьэхъум, узэрыщыгъуазэмкIэ? Адыгэу къихьэр нэхъ мащIэ щыхъуауэ къэплъытэрэ?**

- СызэригугъэмкIэ, щызэхуэдэщ.

**- Апхуэдэу сыщIыщIэупщIэр, ди щIалэгъуалэр, Iэхъуэ-шыхъуэ Iуэхум къриблэжьынышхуэ щыIэкъым жаIэу, хэхъуэ нэхъ здэщыIэ щIыпIэхэм кIуэуэ, тыншыпIэ къалъыхъуэ хуэдэу зэрызэхэсхарщ.**

- Апхуэдэу жыдмыIэмэ нэхъыфIу къыщIэкIынщ. Псалъэм папщIэ, сэ езыр Зеикъуэ сыщыщщи, ди къуажэгъу Токъмакъ Алик шыи Iэщи и куэду, хъушэ дэгъуэ зэрехуэ. Абы нэмыщI ди къуажэгъу Бэлайхэ шы хъарзынэхэр яIэщ, я Iэщым и гугъу дымыщIми. АдэкIэ Бахъсэн ГЭС-м (ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэ) щыщ щIалэм шыи, мэли, Iэщи зэриIэм дыщыгъуазэщ. Тхьэм яхуигъэбагъуэ! Каменномост лъэныкъуэмкIи къыдокI. Къулъкъужын щIалэ Нэхущ Руслан и хозяйствэрщэ? Абы нэхърэ нэхъ хозяйствэшхуэ зиIэ мы щIыпIэм иткъым! Аргуэру Къулъкъужын къуажэ щыщу зы Iэбгъэ Мазэхэ дэсщ. Псоми зэуэ я гугъу тхуэщIынкъым, Аслъэн...

**- Мазэхэ щIыпIэр Къанжалыщхьэ унэмысу?**

- АтIэ. Чэтмэн жыхуэтIэм деж тIэкIу уехмэ. Абы узэрыфIэкIыу, аргуэру зыбоIэтыжри, «Домбей щыгу» зыфIащам уIуощIэр. Абдежми ди къуажэм щыщу Щауэхэ зэкъуэшитIым я Iэбгъэри, Жыкъуэхэ я хэщIапIэри тетщ.

**- Iэщ дохутыр IуэхумкIэ къедгъэзэкIыжынщи, МуIэед, а зи гугъу тщIа щIыпIэхэм исхэр, зыгуэр хуеймэ, мыбдежым къакIуэ къудей мыхъуу, фэри абыхэм я деж фыщынэс щыIэ?**

- АтIэ, зиунагъуэрэ! Зэпымыууэ езыхэр къэбгъэкIуэн? Зыгуэр хуэныкъуэ хъуауэ хъыбар дагъащIэмэ, здэщыIэм дэри докIуэр. ДызэхэзокIуэ, зым и деж дикIыу адрейм дылъэIэсу.

**- Аргуэру упщIэ, МуIэед: Iэщыр мы щIыпIэм къыщыдаху пIалъэм имызакъуэу, гъэмахуэ псом итыхукIэ, нэгъуэщI узыфэ къеуэлIамэ, хущхъуэкIэ хэт ахэр мыбдежым къыщызэзыгъэпэщыр?**

- Зейхэращ и нэхъыбэм зыкъызэзыгъэпэщыжыр. Щыхунэмысхэм деж, зыкъыщытхуагъази къохъу.

**- Мыбы фыкъызэрихьэ автомобиль зекIуапIэм и щытыкIэм арэзы фыкъищIрэ, МуIэед?**

- Иужьрей илъэсхэм куэдкIэ нэхъыфI хъуащ. Иуан Аскэрбий Тхьэм фIыгъуэр къыхуищIэ! Гъуэгум теухуауэ дызыпыщIар республикэм и Iуащхьэмахуэ щIыналъэращи, уэшхым гуилъэсыкIамэ, абы зэражриIэу, асыхьэтым грейдерыр къагъэсри, зэрагъэзэхуэж. Мы зэманым Къуэштэн лъэныкъуэм уизышэ гъуэгур уэшххэм щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щикъутащи, ар зыхуей зэрыхуагъэзэжу, къигъэкIуэнурэ, мыбдежми щызэрагъэзэхуэжынущ.

**- Iэщыр къызэрыдахур сыт хуэдэ гъуэгукIэ?**

- Мамыщи Iэмыщи, шыхэри яхэту, къуажэ кIуэцIкIэ къррагъэкIуэну хуиткъыми, абы папщIэ хаша лъагъуэхэмкIэщ къызэрагъэIэпхъуэр. Зеикъуэ щхьэщыт щыгумкIэ къохьэри, Гундэлэн псым и адрыщIымкIэ декIуэкI джабащхьэм адэкIэ щыIэ мэзыщхьэ сэтеймкIэ къыдаху.

**- Ди псалъэмакъым и кIэухым иджыри сыт жыпIэнт, МуIэед?**

- Мы губгъуэм ит псоми сохъуэхъу, псом япэрауэ, я щхьэкIэ узыншэну! Мыдрейуэ, бжьыхьэ ехыжыгъуэр къэблэгъащи, я гугъуехьыр хэмыкIуадэу, хэхъуэ фIэкIа хэщI ямыIэу, бэIутIэIуншэу я унэ екIуэлIэжыну Тхьэм жиIэ!

*Тхыгъэри сурэтри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

# Адыгэхэм я набдзэ Мыхьэмэт-Iэшэ

**Тхыдэджхэм ятхым тепщIыхьмэ, ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт-Iэшэ дунейм къыщытехьар 1810 гъэрщ, илъэс 215-рэ ипэкIэ.**

ТХЫДЭ щIэныгъэхэмкIэ доктор Мэрзей Аслъэнбэчрэ тырку щIэныгъэлI Чанак Мэхьмэтрэ тхыгъэ зэдатхащ: «ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт-Iэшэ и шыфэлIыфэр Кавказ зауэм къызэрыхэщыр» и фIэщыгъэу. Зи гугъу тщIы щIалэм цIэкIи унэцIэкIи къытехуэу иджыри щы щыIауэ къыщIокI. 1834 гъэм уIэгъэ хъуа нэужь, зи Iэ лъэныкъуэр нэхъ кIэщIу кIыжа Мыхьэмэт адрей и цIэджэгъуищым хамыгъэгъуэщэн папщIэщ «Iэшэ» цIэ лейр щIыкIэрыпщIар, «абы щхьэкIэ фочыр нэщанэм хуэзэу тригъэпсэн къанэртэкъым, ауэ сэшхуэкIэ уэным нэхърэ, пыджэныр нэхъ къехъулIэрт». Иджыри жаIэж: «Езым хуэкIуэу фоч зэригъэпэщауэ, щыблэукI къэхъуртэкъым. Ауэ маисэкIэ зэуэр тIууэ хузэгуэупщIыкIыртэкъым».

Ар ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ и къуэрылъхут, Мысост и къуэ Темырболэт и къуэт. «Исмэхьил-Бей» поэмэм къыхэщ Рослъэмбэчыр Мыхьэмэт и адэ къуэшщ. И адэ Темырболэти, Рослъэмбэчи, Исмэхьили «амэнэт» жыхуаIэм хуэдэу Урысейм къыщыхъуащ, щапIащ, ауэ хэIущIыIу хъуа жыIэгъуэ цIэрыIуэм къызэрыхэщымкIэ, хамэщIым я хэкупсэ гурыщIэхэр ирахыфакъым. ЩIэх-щIэхыу дигу къэдгъэкIыж урыс генерал Дельпоццо Иван «Къэбэрдей ЦIыкIумрэ Инымрэ» ятеухуа тхыгъэм щыжеIэ: «Пщы Мысост Темырболэт сабийуэ Бытырбыху яшэри, Бгырыс кадет корпусым щапIащ, Новотроицк шуудзэм капитан хъуху хэтащ. И Хэкум адыгэбзэкIэ зы псалъэ имыщIэу къэкIуэжа щхьэкIэ, зрагъэса псори щыгъупщэжауэ, иджы адрей къэбэрдейхэм къахэпцIыхукIыжынукъым. КъуитI иIэщи, Урысейм иригъэшэнкIи щригъэджэнкIи узэрыгурыIуэн дунейм теткъым».

Темырболэт урысхэм я лъэныкъуэ иIыгъащ, 1787 - 1792 гъэхэм екIуэкIа урыс-тырку зауэм хэтащ. Капитану зэрыщытым къыхэкIкIэ, урыс тепщэгъуэр ямыдэу зыкъэзыIэт къэбэрдейхэр игъэбэяужырт, Къэбэрдей судым щылэжьащ, ауэ и бынхэр Урысейм щригъэджэн идакъым.

И адэр дунейм ехыжа нэужь, 1825 гъэм Мыхьэмэт Къэбэрдейм икIри, урысыдзэм къыпэщIэт адрей пщыхэм я гъусэу, КъухьэпIэ Адыгэ Хэкум Iэпхъуауэ щытащ. А зэманым Къэбэрдейр Урысейм и жьауэм щIэувакIэт. Торнау Федор и гукъэкIыжхэм дыкъыщоджэ: «Хьэжы Жансит, Хьэмырзэ Аслъэнджэрий, ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт сымэ я IэкIуэлъакIуагъэкIи зэрыIумахуэмкIи адрейхэм къахэщырт. Засс-генералыр ятеуэху, занщIэу къебгъэрыкIуэжхэрт, зыхуейри зрагъэхьулIэфырт».

Мыхьэмэт и цIэр хуабжьу щыIуар хьэжрэт къэбэрдейхэм я пашэ щыхъуа 1830 - 1840 гъэхэрщ. Ар усакIуэ Iэзэуи щытащ, шыкIэпшынэми еуэрт. Адыгэ-абхъаз хабзэжьхэр имыгъэкIуэдыжу, абы илъэс къэс мазэ бжыгъэкIэ екIуэкI тхьэлъэIухэр зэхишэрт. Шы гъэIурыщIэнкIэ, усэ зэхэлъхьэнкIэ, макъамэ къигъэкIынкIэ, къэфэнкIэ, зыкъэгъэлъэгъуэнкIэ, зыщхьэпрыдзынкIэ щIалэгъуалэр зэпригъауэрт.

1835 гъэм Мыхьэмэт и Iэр игъэхъужыну Истамбыл кIуауэ щытащ. Абы щыIэху, уэсмэн къулыкъущIэхэм захуигъазэурэ, сультIан Мэхьмуд ЕтIуанэм лъэIу Iэригъэхьауэ щытащ, адыгэ унагъуэ мин Уэсмэн къэралыгъуэм иригъэтIысхьэну елъэIуу.

Гуп-гупурэ адыгэ унагъуэ 400 Самсун кхъухь тедзапIэм къыщикIри, Чорум, Амасье, Самсун къалэхэм зэрыдэтIысхьар тырку дэфтэрхэм къыхэнащ. Тыркум пщIэ иIэу щыпсэуфынрэ пэт, Мыхьэмэт Адыгэ Хэкум къэкIуэжауэ щытащ.

ЩIалэм и лIэкIэ хъуам теухуауэ еплъыкIитI щыIэщ. Барон Сталь Карл зэрыжиIэжымкIэ, 1846 гъэм ар и ныбжьэгъухэр и гъусэу гъуэгум ирикIуэрэ пэт, беслъэнеипщ Къанокъуэ Адэлджэрий и щIым щызэпрыкIым, пщы Адэлджэрий къыпэуващ, лъыщIэж я зэхуакум зэрыдэлъым къыхэкIыу. Адэлджэрий и къуэм Мыхьэмэт зридзащ, арщхьэкIэ ар зэрысабийр щилъагъум, ХьэтIохъущокъуэм абы еуэн идакъым, «лъымрэ шэмрэ зэхэгъазэрыхьыркъым» жиIэри. Абдеж дыдэм езы Адэлджэрий Мыхьэмэт къеуэри иукIащ. ЗэпэщIэува гупитIым цIыху 14 щыхэкIуэдауэ жаIэж, Адэлджэрии и къуэри яхэту. Я хьэдэхэр къуажэм яхьыжу, Адэлджэрий и хьэщIэщым щIахьа нэужь, пщым и щхьэгъусэм и лIымрэ и къуэмрэ игъеин щIидзащ. Мыхьэмэт и хьэдэр къызэрилъагъуу, ар хьэщIэщым щIригъэхьэри, жьантIэм дригъэхьауэ щытащ.

Гухэхъуэщ Мыхьэмэт и иужьрей махуэр къэзакъ тхыдэтх Потто Василий и тхыгъэхэм къызэрыхэщыжыр. Ар къыщыхъуар Шэт-къалэщ, Ставрополь быдапIэм деж. «Псэууэ е лIауэ дыдэкIыжынщ», - жиIэщ, щIалэхэм я пащхьэм дыуэ кIэщI щищIри, Мыхьэмэт къэзыувыхьа бийхэм яхэлъэдащ. Езыр яIэщIэкIат, ауэ и гъусэхэр къызэрыбгъурымытым гу щылъитэм, я гур къызэрызыгъэгъуэтыжын псалъэхэр яжриIэурэ, аргуэру ябгъурыувэжащ. Щэнейрэ апхуэдэу игъэзэжащ Мыхьэмэт. Зы цIыху закъуэщ а гупым щыщу къелар, уIэгъэ хъуауэ. Псори зыIуэтэжар аращ, ауэ зэрыхэмыкIуэдам и напэр трихащ».

Хъыбар куэд зиIэ Мыхьэмэт теухуауэ мы зыри щIыдгъужынщ. Зэгуэрым ар и ныбжьэгъу нэгъуеипщыр и гъусэу зауэм хэтти, нэгъуейм и шыр щIаукIыкIат. «КIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къыхуэхъу ди къэзакъхэм къаухъуреихьрэ пэт, Мыхьэмэт и шым къелъэри, нэгъуеипщым зыхуигъэзащ, и шым тригъэтIысхьэн и гугъэу. Модрейм идакъым: «Сэ сынэгъуеипщ къызэрыгуэкIщ, адыгэпщ Мыхьэмэт-Iэшэ и уанэм сисыну схуэфащэкъым». Арати, Мыхьэмэтыр уанэм зридзэжщ, Iэбэщ, нэгъуеипщыр къиIэтщ, зыбгъуригъэтIысхьэри, къэзакъхэм яIэщIэкIауэ щытащ».

КъыщIэна щIэблэм ятеухуауэ зыри ящIэркъым. Ашэмэз зи цIэ щIалэ закъуэр иджыри сабийт и адэр щыхэкIуэдам. Тыркум хъыбар къыщокIуэкI, адыгэхэр урысхэм ирагъэкIуэта нэужь, абы ХьэтIохъущокъуэ Ашэмэз зи цIэ щIалэ цIыкIу здахьауэ, ауэ и пэжыпIэр зэкIэ наIуэкъым.

*«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар* **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# Европэр щхьэхуит къэзыщIыжахэр

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ «Европэр щхьэхуит къэзыщIыжахэр» выставкэр. Ар теухуащ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм щыгъуэ фашистхэм яубыда европей къэралхэр щхьэхуит къэщIыжыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа лIыхъужьхэм я хъыбархэмрэ фэеплъхэмрэ. Гъэлъэгъуэныгъэр къызэригъэпэщащ Урысейм и уахътыншэ полкым, КъБР-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэр, КъБР-м и Лъэпкъ музейр, Президент грантхэмкIэ фондыр и дэIэпыкъуэгъуу.**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ хагъэхьащ Урысейм и щIыналъэ псоми ветеранхэм я хъыбархэу, сурэтхэу щызэхуахьэсахэр, дэфтэрхэм къыхахыжа тхыгъэхэр, 1944 - 1945 гъэхэм Европэр (Белград, Варшавэ, Будапешт, Братиславэ, нэгъуэщI къалэхэри) щхьэхуит къэзыщIыжа лIыхъужьхэм ятеухуа плакат 13-рэ а Iуэхугъуэм епхауэ нэхъ мыхьэнэ зиIауэ къыхагъэщхьэхукIхэм хуащIа плакат 11-рэ.

Урысейм и Уахътыншэ полкым и щIыналъэ штабым и унафэщI Романовская Аннэ жиIащ «Европэр щхьэхуит къэзыщIыжахэр» урысейпсо Iуэхум къырикIуахэр выставкэм зэрыщагъэлъагъуэр. Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм ятеухуа эссехэмрэ Iуэтэжхэмрэ я зэпеуэм хэплъэжа нэужь, лэжьыгъэхэр щагъэлъэгъуэну къалэ 12 къыхахащ. Абыхэм ящыщщ ди Налшык къалэри.

Выставкэм и курых хъуащ художник Крюков Алексей ищIа сурэтыр. Абы къыщигъэлъэгъуэжащ ЕтIуанэ дунейпсо зауэшхуэм текIуэныгъэ къыщызыхьа лIыхъужьхэр 1945 гъэм накъыгъэм и 9-м Берлин зэрыщызэIущIар. Лэжьыгъэм щыболъагъу ветеран 2500-м я сурэтхэр. Абыхэм язщ Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Аргудан къуажэм щыщ, Хэку зауэшхуэм и ветеран, зауэ губгъуэм цIыху щэ бжыгъэхэр къыщезыгъэла фельдшер, зи хъыбарыр щхьэхуэу выставкэм хагъэхьа Къэтинэ МуIэзин. Зэхыхьэм ирагъэблэгъат абы и щIэблэр. Ветераным къыщIэхъуахэм я дежкIэ адэшхуэм и фэеплъыр тхыдэ къудейкъым, атIэ блэкIамрэ нобэмрэ зэпызыщIэщ.

- Президент грантхэмкIэ фондым и фIыщIэщ мы гъэлъэгъуэныгъэр къызэрыдэхъулIар. Мыр зэрекIуэкIым и хъыбарыр псоми ялъэдгъэIэсыну ди къалэнщ, лIыхъужьхэм зэрахьа лIыгъэм нэхъыбэ щыдгъэгъуэзэн папщIэ. Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я хахуагъэр лIэщIыгъуэхэм пхыкIын, щIэблэм я щапхъэу щытын хуейщ, - жиIащ КъБР-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр Бозий Аскэр гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуихым. - Мыпхуэдэ Iуэхухэм нэхъыбэ щыдгъэгъуэзэну ди къалэнщ тхыдэр зэрыхуейуэ зэрахъуэкIыну иужь щит ди зэманым.

Iэщэкiэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Абдуллаев Мустэфа и псалъэм къыхигъэщащ зи псэ емыблэжу мамырыгъэ къытхуэзыхьа лIыхъужьхэр зыщыдгъэгъупщэ зэрымыхъунур, тхыдэр зэзыхъуэкIыну зи гуращэхэм дызэкъуэувэу дапэщIэтын, ветеранхэм я фэеплъыр тхъумэн, щIэблэр абы щIэтпIыкIын зэрыхуейр.

- Си ныбжьэгъу лъапIэ Къэтинэ МуIэзин лIыхъужь нэсу щытащ, абы зэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ зэи кIуэщIынукъым. Псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм зауэм и пэжыр, абы щIата уасэр зыхуэдизыр ящIэу къэгъэтэджын хуейщ, - жиIащ Мустэфа.

КПРФ-м и республикэ комитетым и япэ секретарь Пащты Борис щIалэгъуалэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ я адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ зэрахьа лIыгъэм я фэеплъыр яхъумэну зэракъалэныр, къэралымрэ щIыналъэмрэ я лIыхъужьхэм яхуэфащэу, абыхэм я Хэкумрэ цIыхубэмрэ хуаIа лъагъуныгъэр я щапхъэу псэуну зэращыгугъыр.

Дзэм къыхэкIыжа офицерхэм папщIэ къызэрагъэпэща «Мегапир» зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Атаев Жашарбек жиIащ «Европэр щхьэхуит къэзыщIыжахэр» гъэлъэгъуэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, ар тхыдэм, хэку лъагъуныгъэм я дерсу зэрыщытыр, щIэблэр тхыдэм щIэпIыкIынымрэ щIалэгъуалэм блэкIам пщIэ хуащIу къэгъэхъунымкIэ зэрыуасэншэр, зауэм и пэжым, ТекIуэныгъэр къахьын папщIэ лIыхъужьхэр зыпхыкIа гугъуехьхэм ныбжьыщIэхэр щыгъэгъуэзэн зэрыхуейр.

Къатинэ МуIэзин и пхъурылъху Кокутенкэ Еленэ выставкэм кърихьэлIахэм къахуеджащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм 2010 гъэм ятха, ТекIуэныгъэ Иныр къызэрахьрэ илъэси 100 щрикъуну 2045 гъэм ирихьэлIэу щIэблэм зэрызыхуагъазэ тхыгъэм щыщ пычыгъуэ: «Дэ, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, дыщогугъ ТекIуэныгъэ Иныр къызэрытхьрэ илъэси 100 дэкIа нэужь, нэхъыжьхэм я хабзэхэм щIэблэм пащэфыну. Мамырыгъэр фхъумэ, Хэкум лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIа и напэкIуэцIхэр, ТекIуэныгъэм щIэтта уасэр зыщывмыгъэгъупщэ, Хэкуу фиIэр зыщ. Фи мурадхэр зэрызэвгъэхъулIэну къару мыкIуэщI фиIэну, нэхъыжьхэм Хэкум хуаIа лъагъуныгъэм, зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ ди щIыналъэм, Налшык къалэм фригушхуэну. Быдэу ди фIэщ мэхъу Хэкур хуэсакъыу зыхъумэнухэм къызэрыфхуэдгъанэр. Дызыщывмыгъэгъупщэ. Мамырыгъэ, зэгурыIуэныгъэ, лъагъуныгъэ фиIэу фыпсэуныр ди уэсятщ».

Гъэлъэгъуэныгъэм зыкърагъэхьэлIащ тхыдэджхэм, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэм, еджакIуэхэм, студентхэм, къалэдэсхэм, Хэкум и тхыдэм дихьэххэм. Ар жэпуэгъуэм и 12 пщIондэ екIуэкIынущи, тхыдэм, мамырыгъэ къытхуэзыхьахэм ятеухуа хъыбархэм зыхэзыгъэгъуэзэнухэм иджыри зэман фиIэщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Жэпуэгъуэм и 1-р Макъамэм и дунейпсо махуэщ

# Пшынэм и гуащэт

**Пшынэ макъым гур егъэпIейтей, лъэр щIегъэкI... пшынэ макъым уегъэгупсысэ. Адыгэ пшынэр пшынауэ Iэзэм иIыгъмэ, гури псэри ихьэхуу егъэбзэрабзэ. БырмамытI Гуащэкъарэ пшынауэным къыхуигъэщIа хуэдэт.**

КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ БырмамытI Гуащэкъарэ лъэпкъ щэнхабзэр зыIэтахэм ящыщщ. 1928 гъэм Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм къыщалъхуащ. БырмамытI Хьисэ и хъыджэбз цIыкIухэм пшынэ къащыхуищэхуам, я къуажэм пшынэ зиIэу дэсыр а зы унагъуэрт. Хъыджэбз нэхъыжьитIыр пшынэ еуэфырти, нэхъыщIэ цIыкIур - Гуащэкъарэ - абыхэм ехъуапсэрт. Ар яфIэцIыкIути, пшынэ Iэпэхэр щIигъэуэнкIэ, унагъуэр зыщысхь пшынэр икъутэнкIэ гузавэ нэхъыжьхэм ар ягъэпщкIурт. Ауэ дэнэт? Шыпхъу нэхъыжьитIыр лэжьакIуэ зэрыкIуэу, пшынэр къигъэкIуасэрти, зэригъэшхырт. Нэхъыжьитiыр пшынэм щеуэкIи, ар набдзэгубдзаплъэу якIэлъыплъырт.

Гуащэкъарэ къыдэкIуэтейри, пшынауэ Iэзэм и цIэр республикэм щыIуащ. Хьэгъуэлiыгъуэ зиIэм БырмамытI Гуащэкъарэ пшынэ яхуеуэмэ, егъэлеяуэ я гуфIэгъуэр дахауэ арат. Гуащэкъарэ пшынауэу хагъэхьауэ щытащ уей-уей жезыгъэIэ «Кабардинка» ансамблым. «Кабардинка»-р хамэ къэралхэм ирагъэблагъэрт, Гуащэкъари абы я пшынауэ Iэзэт. Арати, бзылъхугъэм и цIэр дунейм щыIуащ. И закъуэуи къэрал куэдым ирагъэблагъэурэ щыхьэщIащ. Югославием, Сирием, Иорданием, США-м, Финляндием, Болгарием адыгэ пшынэм и макъыр щигъэIуащ Гуащэкъарэ.

Каменномостым унагъуэ щыхъуа нэужь, БырмамытI Гуащэкъарэ «Кабардинка»-м къыхэкIыжащ. Къуажэм щэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщIу зэрылэжьам и фIыгъэкIэ къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэр яIэ хъуат, зэпеуэу зыхыхьэхэм бжьыпэр щаубыду.

ПщIэрэ щIыхьрэ щигъуэтащ абы республикэм - Гуащэкъарэ, пшынэм и гуащэ! Пшынауэ Iэзэр мыпсэужми, и пшыналъэхэм къыпаща хуэдэщ абы и гъащIэм. Гуапэу ягу къагъэкIыж, и пшыналъэхэм щIодэIуж!

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Макъамэ

Макъамэ защIэщ мы гъащIэр! Псори, псори гухэлъ изогъащIэ! Си гур щохъур дунейм насып защIэ... Дыгъэ бзийм, удз гъэгъам, жыг Iэрысэм, уафэгъуагъуэм, уэшх хуабжьым, уэс щабэм... Псоми, псоми макъамэ къапех. Макъыу хъуари мы си гум зэхех.

И къеуэкIэр мы си гум макъамэщ, сыщигъафIэкIэ куэщIкIэ хэку-анэм. Макъамэхьу йошкIурэх псыIэрышэр... Макъамэпсэу щопсэу вагъуэр уафэм... Дэпыр пIэнкIмэ - макъамэщ, жыбгъэр фиймэ - макъамэщ. Хэт щегъафIэр игу шы лъэ макъыр, гукъэкIыжым зыхыжри арауэ.

Бжьыхьэр, гъатхэр, щIымахуэр, гъэмахуэр зэрощэщыр макъамэ-макъамэу. Бжьыхьэм, мес, Iэпощэщ дыщэ хъархэр. Дыжьын щIыIухэр тощащэ щIымахуэм. Гъатхэм хепхъэ гъэгъа псыIэрышэм. Къуалэбзухэр гъэмахуэм доушэ.

ЗэIэпахыр уэрэд уэми щIыми. Сахэдэну макъамэм щытамэ, уигу нэщхъейм и щымыкIэ-щыIэкIэр щызгъэIунт мы дуней макъзэхъуэкIым.

**ГЪУЭТ Синэ.**

# ЩIыхуэр зытригъэкIыжащ

**Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и Шэджэм район къудамэм гъэзэщIапхъэ Iуэхуу 130-м щIигъу къиIэтащ щIыпIэм щыпсэум гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр къызэрызэпиудам папщIэ къуэды егъэпшыныным ехьэлIауэ. Ар сом мини 100-м нэсат, ауэ и чэзум зытригъэкIакъым.**

СУД пристав-гъэзэщIакIуэм Iэмал зыбжанэ къигъэсэбэпащ щIыхуэр иригъэпшынын папщIэ, абы и банк счетхэри хэту. ИтIанэми, цIыхухъум «захуигъэхъеякъым».

Апхуэдэу щыхъум, IуэхущIапIэм и лэжьакIуэр щIыхуэр зытелъыр щыпсэум кIуащ. Щыхьэтхэр щыIэу и автомашинэр къыдашри, апхуэдэхэр щагъэувым нагъэсащ.

Транспортыр зейр щыгъуазэ ящIащ щIыхуэр имыпшынмэ, автомашинэр ящэу, ахъшэр абы зэрыпагъэкIуэнур.

ЗыщIэгупсысыжри, щIалэм и щIыхуэр къанэ щымыIэу зытригъэкIыжащ.

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Суд приставхэм фигу къагъэкIыж:* щIыхуэ фтелъыр хабзэм тету фымыпшынмэ, фи мылъкум щыщкIэ фагъэпшыныным фыхуэмыкIуэн папщIэ КъБР-м щыIэ УФССП-м и сайтым щолажьэ «Банк данных исполнительных производств» сервисыр. Абы къыщыфщIэфынущ сыт хуэдэ щIыхуэ фтелъми, фэ фтеухуа Iуэху къаIэтами. ЩIыхуэхэр шынагъуэншэу пшыныжынымкIэ Iэмалщ Госуслуги порталым дэтхэнэми щиIэ кабинетыр.

**УАРДЭ Жантинэ.**



# ТIалэмир зэкIэ етIуанэщ

**Ди зэманым и лIыхъужьхэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я щIыхькIэ, Нартсанэ къалэм Романенкэ Георгий и цIэр зезыхьэ и стадионым щекIуэкIащ панкратионымкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ къэралым и спортсмен 300-м щIигъу.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэм хэту зэхьэзэхуэм щыIащ Бахъсэн щIыналъэм и Ислъэмей къуажэм щыщ Хьэщыкъуей ТIалэмир икIи и хьэлъагъ елъытауэ щызэуа гупым (кг 53) етIуанэ увыпIэр къыщихьащ. Финалым щIалэ ныбжьыщIэм къыщыпэщIэтащ Къэрэшей-Шэрджэсым и спортсмен Шаманов Артур.

Хьэщыкъуейр илъэс зыбжанэ хъуауэ панкратионым хэтщ икIи ехъулIэныгъэфIхэр щиIащ, урысейпсо, щIыналъэ зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу къыщыхэжанықIащ.

ТIалэмир и тренерыр Щоджэн Артурщ.

**КЪУЭЖЕЙ Алим.**

# «ЦIыхубэ участковэ-2025»

**Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм илъэс къэс иригъэкIуэкI «ЦIыхубэ участковэ» урысейпсо зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым жэпуэгъуэм и 7-м щаублэнущ.**

ЯПЭ Iыхьэми хуэдэу, полицэм и участковэ уполномоченнэхэм ящыщу етIуанэ Iыхьэм щытекIуар наIуэ хъунущ, КъБР-м щыIэ МВД-м и сайтым Iэ щаIэткIэрэ.

ЕтIуанэ Iыхьэр республикэм щекIуэкIынущ жэпуэгъуэм и 16 пщIондэ.

Зэпеуэм и ещанэ (кIэух) федеральнэ Iыхьэр екIуэкIынущ щэкIуэгъуэм и 1 - 10-хэм икIи абы наIуэ щыхъунущ къэралым и участковэ нэхъыфIыр.

Абы щытекIуамрэ къыхэжаныкIахэмрэ Полицэм и участковэ уполномоченнэм и махуэм ирихьэлIэу ягъэлъэпIэнущ.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

● Футбол

# Чемпионыгъэр Алътудым Iэрохьэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2025 гъэм и чемпионыр хэтми щызэхэкIар иужь дыдэ зэIущIэращ. Ар хуэфащэ дыдэу Iэрыхьащ Алътуд и «Искра»-м.**

**Къэралпсо категорие зиIэ судья Тэнащ Инал** *(я кум дэтщ)* **«Родник»-мрэ «Искра»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэр зэхеублэ.**

ТХЬЭМАХУЭ кIуам Псынэдахэ къуажэм щызэхэта зэIущIэр дыщэ и уасэт. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэ закъуэ фIэкIа къыщыхамыгъэщIа щIыпIэ «Родник»-м кърригъэблэгъат нэгъабэ зыIэрагъэхьа чемпионыгъэр къыIэщIэзыхыну хущIэкъу Алътуд и «Искра»-р.

КомандитIри дыщэ медалхэр яхуэфащэу я зэпэщIэувэныгъэм ирихьэлIащ. «Родник»-р зэ закъуэ фIэкIа зэхьэзэхуэм къыщыхагъэщIатэкъым икIи ар къыщыхъуар накъыгъэм и 6-м зэхэта еханэ джэгугъуэрат. А махуэ дыдэм «Искра»-ми япэу очкоитI фIэкIуэдат, абы щыгъуэ лъэщу щIэзыдза Шэджэм и «Черкес»-м щыIущIам зэрытемыгъэкIуауэ зэбгъэдэкIыжри.

ИужькIэ мэкъуауэгъуэм и 8-м «Искра»-мрэ «Родник»-мрэ Алътуд щызэхуэзащ. А тIум я зэныкъуэкъуныгъэр икъукIэ гуащIэ хъуат икIи, икIэм-икIэжым, Псынэдахэ икIахэм текIуэныгъэр яхьат 3:2-уэ. Алъандэрэ а командитIым хэщIыныгъэ ягъуэтакъым икIи я хьэрхуэрэгъу псори хагъащIэурэ къекIуэкIащ. Езыхэр тхьэмахуэ кIуам щызэхуэзам очкоитI я зэхуаку дэлъу арат икIи Псынэдахэ зэрыщыджэгухэр, япэ къекIуэкIыгъуэми зэрыщытекIуар къэплъытэмэ, хэгъэрейхэм я насып нэхъ къикIыну къыпщыхъурт. АрщхьэкIэ, Алътуд къикIахэр а Iуэхум зэрепльыр нэгъуэщIут.

Джэгум и япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ «Искра»-м и футболистхэм наIуэ ящIащ хьэщIагъэм зыдрагъэхьэхыну мурад зэрамыIэр. Ахэр псынщIэт, IэкIуэлъакIуэт икIи егъэрыкIуэныгъэм етат. Хьэзырт чемпионыгъэр хэгъэрейхэм къыIэщIахыу езыхэм зыIэрагъэхьэну. «Родник»-р апхуэдэ щытыкIэм пэмыплъэщауэ къыщIэкIащ.

Хуабжьу удэзыхьэхыу икIи дэрэжэгъуэ къозыту екIуэкIа Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2025 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и кIэух зэIущIэм хуэфащэн нагъыщэ хэIэтыкIа зэпеуэм щагъэувыжащ. «Искра»-р 3:1-уэ текIуащ икIи дыщэ медалхэр алътуддэсхэм яIэрыхьащ. Хьэлэмэтращи, абы и судья нэхъыщхьэу щытар Урысейм и премьер-лигэм хыхьэ зи чэзу джэгугъуэм ипкъ иткIэ щэбэт кIуам Санкт-Петербург щызэхэта «Зенит» - «Оренбург» зэIущIэм а къалэн дыдэр дагъуэншэу щызыгъэзэщIа налшыкдэс Тэнащ Иналщ. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, апхуэдэ лъэгапIэм Кавказ Ищхъэрэм щыщу иджыри къэс дэкIуеифар а зы щIалэращ. Балъкъ Iуфэ щекIуэкIа зэпэщIэтыныгъэр Тэнащым и пщэ зэрыдалъхьами къегъэлъагъуэ абы и мыхьэнэр икъукIэ зэрыинари.

Арати, дыжьыныр Псынэдахэ и гупым лъысащ. «Тэрчыр» ещанэщ.

КIэух джэгугъуэм языныкъуэ командэхэм топ дэгъэкIынкIэ затIыжащ. Апхуэдэу икъукIэ жыджэращ «Малка», «Ислъэмей», «Спартак-Д»-р. Абыхэм дэтхэнэми я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм топи 8 дигъэкIащ.

Иужь джэгугъуэ 12-р фIахьауэ зэхьэзэхуэр иухащ Шэджэм и «Черкес»-м. Ар абы къызэпиудыну иужь зэIущIэм ерыщу хущIэкъуащ икIи «Малка» къикIахэм я гъуэм топитху дигъэкIыну хузэфIэкIащ. АрщхьэкIэ нэхъыбэж (8) къыхудагъэкIыжащ икIи аргуэру фIахьауэ зэпеуэр яухащ. Абы щыгъуэми «Черкес»-м фIы дыдэу зэхьэзэхуэр иригъэжьат икIи япэ джэгугъуитхум зыри къащыпэлъэщатэкъым. Уеблэмэ, чемпион хъуну «Искра»-м мы гъэм фIэкIуэда очкоитхум ящыщу тIур къаIэщIэзыхар шэджэмдэсхэращ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэми щытекIуар наIуэ щыхъуар иужь дыдэ джэгугъуэращ. «Ислъэмейм» и пашэ Тамаев Алан псоми ефIэкIащ. КIэух зэIущIэм абы Псыгуэнсу къикIахэм я гъуэм топищ дигъэкIри мы гъэм къызэрыщыхэжаныкIар 25-м нигъэсащ. Абы къыкIэлъокIуэ «Родник»-м щыджэгу Урысбий Ратмир.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2025 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и кIэух джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. Ахэр щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтащ икIи абыхэм яужькIэ турнир таблицэм псори я пIэм щиувэжыпащ. **«Нартан»** (Нартан) - **«Логоваз»** (Бабугент) - **4:1**, **«Урыху»** (Урыху) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **0:2**, **«Черкес»** (Шэджэм) - **«Малка»** (Малкэ) - **5:8**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **8:4**, **«Бедик»** (Аргудан) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **0:8**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Искра»** (Алътуд) - **1:3**.

Алътуд и «Искра»-мрэ Псынэдахэ и «Родник»-мрэ мы гъэм я зэпэщIэтыныгъэр абдежым щиухакъым. Мыгувэу ахэр щызэхуэзэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм и кIэух джэгугъуэм. Налшык и «Спартак» республикэ стадионым щекIуэкI хабзэ а зэIущIэри икъукIэ удэзыхьэх зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2025 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIам кърикIуар*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **«Искра»** | **22** | **20** | **1** | **1** | **96-15** | **61** |
| 2. | **«Родник»** | **22** | **20** | **0** | **2** | **105-21** | **60** |
| 3. | **«Тэрч»** | **22** | **19** | **0** | **3** | **82-17** | **57** |
| 4. | «Ислъэмей» | 22 | 12 | 1 | 9 | 72-60 | 37 |
| 5. | «Нартан» | 22 | 10 | 4 | 8 | 71-67 | 34 |
| 6. | «Спартак-Д» | 22 | 8 | 4 | 10 | 58-57 | 28 |
| 7. | «Малка» | 22 | 7 | 2 | 13 | 44-67 | 23 |
| 8. | «Псыгуэнсу» | 22 | 7 | 2 | 13 | 43-76 | 23 |
| 9. | «Бедик» | 22 | 6 | 3 | 13 | 36-84 | 21 |
| 10. | «Логоваз» | 22 | 5 | 4 | 13 | 33-77 | 19 |
| 11. | «Черкес» | 22 | 3 | 3 | 16 | 41-96 | 12 |
| 12. | «Урыху» | 22 | 2 | 2 | 18 | 35-79 | 8 |


Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.289
Заказыр №2124

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джэтокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ.**

*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.